**Newark**
**Board of Education**
Roger León, Direktè Jeneral

# Gid Lekòl Segondè

## 2023-2024




**Roger León**
Direktè Jeneral

Kote Pasyon Rankontre Pwogrè

# Lis Sijè yo

**Politik ak Pwosedi Lekòl/Distri a** **5**
Prezans 6
Itilizasyon ki Akseptab pou Òdinatè/Entènèt 6
Sitwayènte Nimerik 6
Kòd Vestimantè 7
Aparèy Elektwonik/Telefòn Selilè 7
Enskripsyon ak Anrejistreman nan SchoolMint (NewarkEnrolls) 7
Atant Elèv yo 7
Pèsekisyon, Entimidasyon ak Brimad 8
Enskripsyon Lekòl Segondè nan Lis Elektoral 9
Aplikasyon pou Manje Midi 10
Pwogram McKinney-Vento Education pou Timoun ak Jèn ki Sanzabri yo 14
Responsabilite Paran 15
Politik Inifòm nan Edikasyon Fizik 15
Disiplin Pwogresif - Sijesyon Entèvansyon 17
Resous Transpò Piblik 23
Demann Rekritè Militè, Enstitisyon Ansèyman Siperyè, ak Potansyèl Patwon yo fè pou Jwenn Enfòmasyon sou Elèv yo 24
Kat Idantifikasyon Elèv 24
Politik sou Evalyasyon Sante, Vaksinasyon ak Medikaman Elèv yo 24
Dokiman Travay 26

**Pwogram Lekòl/Distri** **27**
Edikasyon Granmoun 28
Edikasyon Bileng 28
Fòmasyon Chofè 29
Enstriksyon Lakay 30
Gwoup Travay sou Pwogram Espòtif Entèskolè ak Pwen Match 31
Newark Evening Educational Center 33
RethinkEd 34
Pwogram Edikasyon Espesyal ak Ane Eskolè Pwolonje 35

**Egzijans pou Jwenn Diplòm** **38**
Nivo Avanse (AP) 39
Pozisyon nan Klas la 39
Sèvis kominotè 39
Sekans Kou yo ak Apèsi sou Kou yo Ofri Aktyèlman yo (130 Kredi) 40
Demann Èd Federal Gratis pou Elèv/Demann Lòt Posibilite Èd Finansye NJ 41
Politik pou Nòt 42
Peryòd Nòt, Bilten Nòt, ak Rapò sou Pwogrè 45
Politik Ekite ak Aksè Pre-AP 45
Lis Kritè Prensipal: Klas 3 a 12 46
Gid pou Pwogram yo 46
Egzijans pou jwenn Diplòm Eta/Distri (An vigè avèk Klas 2022 a) 48

**Inisyativ pou Preparasyon sot nan Lekòl ale nan Karyè** **50**
Pwogram Enskripsyon Doub 51
Sekans Aktivite Akademik Jeneral 52
Lyen Ipètèks pou Sèvis Oryantasyon ak Nimewo Telefòn Biwo yo 54
Kalandriye Planifikasyon Lekòl Segondè pou Elèv yo 54
Patenarya/Resous Anvan Inivèsite 57
Lekòl rive nan Karyè ak Ansèyman Apre Lekòl Segondè 61
Akademi Karyè nan Segondè 62

**Enfòmasyon sou Lekòl ak Distri a** **64**
Repètwa Lekòl Segondè 65
Pwogram Tranzisyon Ete pou Lekòl Segondè 66
Kalandriye Eskolè 2023-2024 67

# Yon mesaj Direktè León voye

Nan non Konsèy Edikasyon Newark (Newark Board of Education) la, direktè, pwofesè ak manm pèsonèl yo, mwen kontan pou m swete tout elèv Lekòl Segondè yo byenvini nan ane eskolè 2023-2024 la.

Anpil nan nou te chwazi lekòl ki ap prepare nou pou yon seri enterè alavni apre nou fin resevwa diplòm lekòl segondè. Enterè yo varye epi yo enteresan, epi ladan yo gen kèk domèn enterè ki vin apre yo: mòd, syans done, teknoloji, jeni, sante alye, ansèyman, biznis ak antreprenarya, etid mondyal, etid anviwònmantal, dwa, jeni, travay atistik vizyèl ak espektak, epi preparasyon pou inivèsite. Lekòl nou yo angaje byen fon nan yon edikasyon ekselans epi ki anrichi grasa yon kominote eskolè ki ap soutni nou, ki gen patnè endistriyèl, etablisman ansèyman siperyè, paran, kominote a, pwofesè yo, ak manm pèsonèl yo. Nou santi nou onore pou patisipe nan pakou edikatif ou.

Distri a kontan anpil pou bay ***Gid Lekòl Segondè 2023-2024*** sa a antanke yon gid pou atant, liy direktif, epi pwosedi nou yo. Dokiman sa a ap ede w jwenn repons pou pifò kesyon w genyen epi pou oryante w nan peyizaj lekòl segondè a. Nou te fikse yon seri prensip estanda ki wo pou ou, kote anpil nan yo ekri nan mànyèl sa a, ansanm ak plan estratejik istorik Distri a sou dis (10) lane, ***Pwochen Deseni an: 2020-2030***. Sepandan, nou konnen relasyon nou etabli avèk elèv yo ak fanmi yo enpòtan anpil pou reyisit elèv yo. Pou rezon sa a, nou ap mande elèv yo ak paran yo pou pran tan pou yo familyarize yo avèk mànyèl sa a. Kenbe li sou lamen pou w kapab egzamine li pandan tout ane eskolè a.

Se yon onè pou mwen sèvi antanke Direktè Jeneral Newark Public Schools epi pou m konte nou pami elèv lekòl segondè nou yo. Mwen vrèman chofe pou ane eskolè sa a ansanm ak jou ki ap vini yo, paske nou ap kontinye konstwi lyen solid ak bonjan relasyon avèk nou chak.

Mwen swete tout sa ki bon pou nou ak anpil siksè pou ane eskolè sa a!

Roger León
Direktè Jeneral

# Misyon, Vizyon ak Valè Fondamantal

**DEKLARASYON ANRAPÒ AK MISYON**
Misyon nou se ofri yon pwogram ansèyman ki solid nan domèn akademik epi ki sansib ak kilti, ki prepare chak elèv pou reyisi, epi ki ede elèv yo devlope konesans yo, ranfòse karaktè yo, aprann kiltive enjenyozite, epi ki ankouraje lidèchip.

**DEKLARASYON ANRAPÒ AK VIZYON**
Vizyon nou se konstwi yon nouvo ekosistèm edikatif ki ofri yon edikasyon klas mondyal pou chak timoun nan Newark.

## VALÈ FONDAMANTAL

**Timoun nan Sant lan**
Chak timoun se yon jeni, epi nou gen responsabilite pou mete rèv ak bezwen timoun yo nan mitan tout desizyon yo.

**Angajman pou Ekselans**
Nou pran angajman pou fè yon seri amelyorasyon ki ap kontinye, tabli yon seri estrateji ki inovan epi ki baze sou rechèch, yon fason pou demontre ekselans nan tout nivo òganizasyon an.

**Relasyon Resipwòk**
Nou ofri posibilite pou gen bonjan kolaborasyon anndan òganizasyon an, ak pi lwen toujou, sa ki ap favorize reyisit elèv yo.

**Kiltive Ajans**
Nou bay elèv yo mwayen pou aprann defann tèt yo ak lòt moun.

**Ekite**
N ap deranje epi rekonstwi tout pratik, politik, resous distribisyon, ak sistèm ki kapab aji antanke yon baryè ki anpeche tout moun jwenn opòtinite.

# Politik ak Pwosedi Lekòl/Distri a



**Prezans**

Kesyon prezans nan lekòl se zafè tout moun. Konsèy Edikasyon Newark (Newark Board of Education, NBOE) pran angajman pou kolabore avèk elèv yo, fanmi yo, ansanm ak patnè kominotè yo pou elimine obstak kont yon bon frekantasyon eskolè. Yo rekonèt prezans kòm yon faktè enpòtan nan edikasyon yon elèv, epi se yon kondisyon preyalab pou elèv la reyisi. Biwo Prezans lan ofri lekòl Distri a yon sipò ansanm ak yon seri pwogram pou atenn objektif prezans lan, lè yo bay resous ki itil, yon asistans pwofesyonèl ak yon sipò pratik.

Nan ka kote yon elèv absan, paran/responsab legal la dwe rele lekòl la nan jou maten absans. Elèv yo gen obligasyon pou fin fè tout travay yo asiyen yo pandan absans lan. Se elèv la ak/oswa paran/responsab legal la ki dwe pran dispozisyon pou ratrape travay yo. Se direktè bilding nan ki ap detèmine efè absans repete yo, kit gen eskiz oswa pa gen eskiz, sou baz yon nòt, yon pwomosyon oswa pou jwenn kredi nan objektif pou resevwa diplòm, nan konsiltasyon avèk pwofesè a.

Chak lekòl dwe gen yon kalandriye eskolè ki gen omwen 180 jou prezans nan lekòl la ant 5 septanm rive 21 jen. Yo relve prezans elèv yo chak jou pandan peryòd ansèyman lakay la (ki kòmanse egzakteman a 8:15 a.m.) epi yo transfòme li an Prezans Chak Jou pou elèv la. Elèv ki rive nan lekòl la anreta yo dwe pase nan biwo direktè a yon fason pou prezans lan kapab chanje soti Absan pou vin Anreta.

**Itilizasyon ki Akseptab pou Òdinatè/Entènèt**

Itilizasyon rezo enfòmatik Newark Board of Education lan limite nan echanj enfòmasyon akademik, nan rechèch, karyè ansanm ak aktivite devlopman pwofesyonèl an konfòmite avèk misyon Distri a. Pou atenn objektif sa a, itilizatè yo dwe aksepte politik sa a antanke yon kondisyon pou resevwa aksè Entènèt. Tanpri, ale sou https://www.nps.k12.nj.us/documents/nps-acceptableusepolicy/ pou enfòmasyon presi ki gen rapò ak politik itilizasyon ki akseptab la.

**Sitwayènte Nimerik**

Elèv yo resevwa enstriksyon sou fason pou itilize teknoloji, Entènèt, ak lòt materyèl epi aparèy nimerik nan respè epi yon fason ki responsab, nan kad pwogram etid la. Li enpòtan pou Distri a prepare elèv yo pou yon sosyete ki chita sou teknoloji, yon sosyete yo se sitwayen ladan li. Nan enstriksyon sa a gen konvèsasyon ak konsèy sou enpak teknoloji a genyen sou sosyete a, done itilizatè yo, sekirite vi prive, kilti nimerik la, byennèt nimerik, ak pran desizyon nimerik. Domèn sitwayènte nimerik la kontinye ap evolye anmenmtan avèk sosyete epi teknoloji a, epi Konsèy Edikasyon Newark pran angajman pou bay elèv yo yon seri estrateji ak zouti ki nesesè pou angaje yo aktivman nan teknoloji a yon fason ki apwopriye.

**Kòd Vestimantè**

Fason yon moun abiye ak fason li konpòte li gen enfliyans sou fason lòt moun wè moun sa a. Konsèy Edikasyon Newark egzije pou elèv yo abiye yon fason ki apwopriye pou yon anviwònman aprantisaj.

- Inifòm lekòl: Elèv yo dwe mete inifòm lekòl ki apwopriye pou bilding yo a. Nou kapab jwenn enfòmasyon ki gen rapò ak inifòm chak lekòl sou sit entènèt chak lekòl.

**Aparèy Elektwonik/Telefòn Selilè**

Elèv yo kapab pote aparèy elektwonik ak telefòn selilè yo nan lekòl la epi itilize yo nan kondisyon ki vin apre yo:

- Elèv yo kapab itilize aparèy yo nan sal klas la pandan yo respekte règleman Distri a sou fason pou itilize telefòn selilè yo.
- Elèv yo pa kapab itilize telefòn selilè pou fè apèl oswa fè foto oswa videyo anndan lekòl la, sof si yo te resevwa otorizasyon pou sa nan men yon administratè lekòl la.

**Enskripsyon ak Anrejistreman nan SchoolMint (NewarkEnrolls)**

SchoolMint se pwen enskripsyon pou tout lekòl Konsèy Edikasyon Newark yo ak lekòl piblik oswa prive anba kontra (charter schools) yo ki ap patisipe yo. Toudabò, nouvo elèv yo dwe koresponn, enskri epi verifye nan SchoolMint anvan yo enskri. Tout nouvo elèv yo dwe ranpli dokiman enskripsyon ki gen rapò ak enskripsyon yo nan Lekòl Segondè a nan SchoolMint.

**Nan enskripsyon an gen:**

- Konfime enfòmasyon kontak ou nan SchoolMint
- Sètifika sante Enfimyè Eskolè
- Verifye si Konsèt Edikasyon Newark gen yon kopi tout dokiman enskripsyon yo. Lekòl ou a ap kontakte w pou nenpòt demann anplis.

Si vin gen sitiyasyon ki fè w oblije mande yon transfè, tanpri, kontakte lekòl ou a pou konnen si w ranpli kondisyon yo epi pou detèmine pwochen etap yo. Tout transfè yo trete nan SchoolMint. Tanpri, ale sou www.newarkenrolls.org pou konplete enskripsyon lekòl segondè w la!

**Atant Elèv yo**

Nou atann pou elèv yo:

- Vin lekòl regilyèman epi alè
- Pote zouti ki nesesè yo lekòl la: kaye, kreyon, plim, òdinatè/aparèy pòtab
- Fin fè devwa yo, devwa lakay yo ak pwojè yo nan dat limit yo deziyen an
- Pran responsabilite pou fini travay yo lè yo rate yon kou
- Patisipe nan aktivite klas la yon fason ki aktif epi konstriktif
- Adopte yon atitid pozitif epi kwè nan kapasite yo genyen pou yo reyisi
- Montre li gen disiplin pou tèt la l epi trete lòt moun avèk koutwazi epi respè
- Aprann travay yon fason endepandan epi nan kolaborasyon
- Pale avèk paran yo konsènan aktivite eskolè yo epi ankouraje yo patisipe.

**Pèsekisyon, Entimidasyon ak Brimad**
Konsèy Edikasyon Newark ("Distri") ret kwè li nesesè pou gen yon anviwònman sekirize epi sivilize nan lekòl la pou elèv yo aprann epi atenn gwo estanda akademik yo. Piske elèv yo ap aprann grasa egzanp, administratè lekòl, pwofesè, manm pèsonèl ak benevòl yo gen obligasyon pou demontre yon konpòtman ki apwopriye, pou trete lòt moun yon fason ki sivilize epi avèk respè, epi pou yo refize tolere pèsekisyon, entimidasyon oswa brimad. Menm jan ak tout lòt konpòtman deranjan oswa ki vyolan, pèsekisyon, entimidasyon oswa brimad se yon seri konpòtman ki deranje nonsèlman kapasite aprantisaj yon elèv, men tou, kapasite pou yon lekòl anseye elèv li yo nan yon anviwònman ki sekirize. Kidonk, Distri a p ap tolere okenn zak pèsekisyon, entimidasyon oswa brimad.

**Anti-Bullying Bill of Rights Act (ABR)** la defini asèlman, entimidasyon ak brimad (HIB) antanke nenpòt jès, nenpòt bagay ekri, zak vèbal oswa fizik, oswa nenpòt kominikasyon elektwonik, kit se yon ensidan inik oswa yon seri ensidan yo konsidere yon fason rezonab kòm bagay ki pouse aji akoz yon karakteristik reyèl oswa yo pèsevwa, tankou:

- Ras, koulè, relijyon, orijin zansèt, orijin nasyonal, sèks oryantasyon seksyèl, idantite oswa ekspresyon seksyèl, oswa yon andikap mantal, fizik oswa sansoryèl, oswa nenpòt lòt karakteristik ki distenge yon moun; epi ki
- Rive sou pwopriyete lekòl la, pandan nenpòt aktivite lekòl la òganize, nan yon bis eskolè, oswa andeyò etablisman lekòl la, ki deranje oswa entèfere, yon fason ki enpòtan, ak fonksyònman òdone lekòl la oswa ak dwa lòt elèv yo; epi
- Yon moun ki rezonab dwe konnen, selon sikonstans yo, efè sa ap genyen se blese yon elèv fizikman oswa moralman, oswa andomaje byen li yo, oswa lakoz yon elèv vin pè anpil pou li pa sibi chòk fizik oswa emosyonèl oswa pou yo pa andomaje byen li yo; oswa
- Efè a se ensilte oswa rabese yon elèv oswa yon gwoup elèv; oswa
- Kreye yon anviwònman edikatif ki danjere pou elèv la oswa yon chòk emosyonèl pou elèv la. **(N.J.S.A. 18A:37-14)**

**"Kominikasyon elektwonik"** vle di kominikasyon ki fèt pa mwayen yon aparèy elektwonik, tankou, men sa se pa sa sèlman, yon telefòn, yon telefòn selilè, yon òdinatè, oswa yon petzè. Yo defini brimad elektwonik kòm: "yon chòk san mezi epi repete yon moun enflije grasa itilizasyon òdinatè, telefòn selilè, ak lòt aparèy elektwonik". Nou soumèt zak asèlman elektwonik elèv yo komèt yo anba kòd konduit elèv yo pou kesyon pèsekisyon, entimidasyon, ak brimad, ansanm ak sanksyon yo prevwa nan **N.J.S.A. 2C:33-4.1** Krim Sibè-pèsekisyon. Pèsekisyon elektwonik se yon zak kriminèl katriyèm degre, epi yo kapab fè ajans fòs delòd lokal yo konn sa. Yon paran oswa responsab legal ki gen gad legal yon timoun minè, ki chwazi meprize oswa pa konsidere sa nan fason li ap fè travay siveyans ak kontwòl sou konpòtman yon minè yo jije ki delenkan nan kesyon pèsekisyon elektwonik, kapab responsab nan kad yon aksyon sivil.

Konsekans yo dwe an konfòmite avèk Plan Disiplin ak Politik sou Kòd Konpòtman Elèv yo Distri a apwouve, epi ak **N.J.A.C 6A:16-7** la. Konsekans ak mezi pou korije yon elèv ki komèt yon zak asèlman, entimidasyon oswa brimad, dwe varye epi gradye selon:

- Nati konpòtman an,
- Nati andikap elèv la, si genyen,
- Nivo devlopman laj elèv la,
- Antesedan elèv la nan kesyon pwoblèm konpòtman ak pèfòmans.

**<u>Enskripsyon Lekòl Segondè nan Lis Elektoral</u>**

An konfòmite avèk N.J.S.A. 18A:36-27, Lwa sou Enskripsyon Elèv Lekòl Segondè sou Lis Elektoral yo egzije pou distri yo bay tout elèv lekòl segondè ki elijib pou vote materyèl enskripsyon yo, yon rezime sou kondisyon kalifikasyon pou enskri sou lis elektoral yo, materyèl ki dekri wòl yon sitwayen ansanm ak materyèl ki esplike enpòtans vòt la.

**Egzijans sou Kalifikasyon pou Enskri sou Lis Elektoral ak Enfòmasyon sou Enskripsyon**

Pou anrejistre nan New Jersey, yon moun dwe:

- Se sitwayen Ameriken
- Gen omwen 17 lane, byenke w ap kapab vote sèlman lè w rive gen laj 18 lane
- Yon rezidan nan konte a pandan 30 jou anvan eleksyon an
- Pa yon moun ki ap sibi yon pèn nan prizon apre yon kondanasyon pou nenpòt zak kriminèl selon lwa ki genyen nan Eta sa a oswa lwa yon lòt Eta oswa lwa peyi Etazini.

Moun ki enskri a dwe ranpli yon Demann Enskripsyon sou Lis Elektoral la ak/oswa yon Fòm Afilyasyon nan yon Pati. Li dwe voye Demann Enskripsyon sou Lis Elektoral la ak/oswa Fòm Afilyasyon an nan kourye lapòs oswa pote li nan Komisyonè Enskripsyon Konte (County Commissioner of Registration) a oswa Sipèrentandan Eleksyon (Superintendent of Elections) nan Konte li a.

Yon moun pa kalifye pou enskri pou vote si:

- Li ap sibi yon pèn nan prizon apre yon kondanasyon pou nenpòt zak kriminèl selon lwa ki genyen nan Eta sa a oswa lwa yon lòt Eta oswa lwa nan tout peyi Etazini.

Dat pou enskri pou vote nan pwochen eleksyon yo se 21 jou anvan jou eleksyon an.

**Enskripsyon pou Vote Anliy**
Pou enskri anliy, yon moun ap bezwen bay prèv dat nesans li ansanm ak youn (1) nan fòm idantifikasyon ki vin apre yo:

- Yon Lisans Chofè aktyèl epi valid oswa yon Kat Idantifikasyon pou moun ki pa chofè (ID card) Komisyon Machin a Motè New Jersey (MVC) a bay. Yo ap voye enfòmasyon yo bay MVC yon fason pou valide idantifikasyon an, epi pou jwenn yon kopi siyati nimerik.
  -oswa-
- Yon nimewo Sekirite Sosyal Pou itilize nimewo Sekirite Sosyal la, yon moun dwe kapab siyen nan ekran oswa telechaje siyati li pou fin ranpli pwosesis enskripsyon an. Si w pa kapab bay yon siyati nimerik, ou p ap kapab enskri anliy.

Si w pa kapab enskri anliy, tanpri, ale sou https://www.essexclerk.com/ pou yon fòm enskripsyon pou vote.

**Aplikasyon pou Manje Midi**

1. **Kisa yon aplikasyon pou manje midi ye?**
   Yon aplikasyon pou manje midi se yon demann federal nan objektif pou detèmine si yon elèv kapab benefisye yon avantaj gratis oswa redui lè li ap patisipe nan Pwogram Manje Midi Eskolè Nasyonal la (NSLP).

2. **Kimoun ki oblije ranpli yon aplikasyon pou manje midi?**
   Tout elèv Newark Board of Education (klas PreK-12) gen obligasyon chak ane pou fè yo trete yon aplikasyon pou manje midi pou detèmine kalifikasyon yo pou resevwa avantaj.

3. **Kimoun ki kapab ranpli aplikasyon an?**
   Se sèlman paran, responsab legal, oswa elèv la, si li gen 18 lane oswa plis, ki kapab ranpli fòm aplikasyon pou manje midi a. Lekòl la pa kapab chèche jwenn enfòmasyon an nan telefòn. Paran an, responsab legal la, oswa yon elèv ki nan laj, dwe prezan epi ranpli aplikasyon an.

4. **Si m gen plis pase yon (1) timoun nan lekòl la, èske m dwe ranpli plizyè aplikasyon?**
   Non, se sèlman yon (1) aplikasyon pou chak kay ki obligatwa.

5. **Ki fason yo detèmine kalifikasyon mwen?**
   Yo detèmine kalifikasyon yon elèv sou baz prensip gouvènman federal la etabli pou revni ansanm ak kantite moun nan kay la, epi sa lye avèk to povrete nasyonal la.

6. **Ki pwosesis Newark itilize pou ranpli yon aplikasyon pou manje midi?**
   Newark Board of Education gen yon pwosesis aplikasyon anliy.

7. **Kijan pou m enskri nan pwogram manje midi a?**
   Ou kapab jwenn aplikasyon an anliy sou www.nps.k12.nj.us. Lyen yo twouve yo pa anba paj la.

8. **Kisa ki ap rive si m vle pou yo pataje enfòmasyon mwen avèk nenpòt lòt otorite?**
Tout elèv Newark Board of Education yo (klas pre-K-12) gen obligasyon pou ranpli yon fòm aplikasyon pou manje midi pou resevwa avantaj. Fòm nan disponib sou sit entènèt la avèk aplikasyon an; aplikan an dwe defile paj la desann pou li wè fòm ki gen tit "Sharing Information with Medicaid" (Pataje Enfòmasyon avèk Medicaid).

9. **Èske kalifikasyon elèv yo toujou rete ane apre ane?**
Non, aplikasyon pou manje midi a dwe ranpli chak ane. Distri a ap itilize estati mwa jen ane ki vin anvan an, si gen youn (1) ki egziste, pou premye trant (30) jou nan ane ki vin apre a oswa pou nouvo aplikasyon, si yo soumèt li. Apre peryòd trent (30) jou yo fin pase, moun nan dwe soumèt yon nouvo aplikasyon. Si pa gen nouvo aplikasyon nan dosye a, yo ap refize estati kalifikasyon timoun nan, epi paran oswa responsab legal la dwe peye tout pri a pou timoun yo a si yo chwazi patisipe nan pwogram nan.

10. **Èske elèv ki gen Sètifikasyon Dirèk yo dwe ranpli yon aplikasyon pou manje midi?**
Non, elèv non yo ekri sou lis Sètifikasyon Dirèk distri a pa bezwen ranpli yon aplikasyon. Pami elèv ki Sètifye Dirèkteman yo gen timoun ki nan fanmi dakèy yo ak timoun ki ap resevwa Èd Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen (TANF) yo.

11. **Si yo pa depoze yon aplikasyon ki apwouve anvan 1ye oktòb, èske elèv yo kapab toujou resevwa yon repa?**
Se sèlman si timoun nan gen lajan sou kont TITAN School Solutions li.

12. **Ki dat limit pou soumèt aplikasyon yo?**
Yo kapab soumèt aplikasyon yo pandan tout ane a, sepandan, nou p ap konsidere aplikasyon yo voye apre 15 oktòb yo nan kalkil èd Eta a nan distri a. Nenpòt chanjman ki fèt nan sitiyasyon finansye yon fanmi dwe pèmèt yo fè yon nouvo demann.

13. **Ki diferan Estati Kalifikasyon ki genyen?**
Gratis - pa gen pèman ki obligatwa
Redui - pèman pasyèl obligatwa ($0.40)
Refize - tout pèman an obligatwa ($2.50)
D_NA - refize Yo pa t soumèt okenn Aplikasyon pou timou sa a - tout pèman an obligatwa

14. **Ki pousantaj timoun nan Konsèy Edikasyon Newark ki kalifye pou repa gratis oswa nan pri redui an 2022-2023?**
An 2022-2023, gen 82.1% timoun nan Konsèy Edikasyon Newark ki te kalifye pou repa gratis oswa nan pri redui.

**Pèman pou Repa**

**15. Èske m kapab peye davans pou manje midi nan lekòl la?**
WI, ou dwe peye davans, itilize TITAN Schools Solutions. Lyen pou gen aksè nan TITAN School Solutions disponib anliy tou sou www.nps.k12.nj.us anba paj la.

Konsèy Edikasyon Newark te kòmanse itilize yon nouvo sistèm pèman pou repa elèv ou a. Nou p ap itilize ansyen sistèm nan (MyPaymentsPlus) ankò, donk, ou p ap kapab fè pèman nan sistèm sa a ankò. Nou envite w ale sou https://family.titank12.com epi ouvri yon nouvo kont yon fason pou w kontinye fè pèman yo pou repa elèv ou a. Epitou, ou kapab soumèt yon aplikasyon pou repa pa mwayen TITAN School Solutions pou ane eskolè aktyèl la. Klike sou "Sign up today!" (Enskri jodi a!) pou kòmanse pwosesis pou kreye yon nouvo kont, epi asire w ou gen enfòmasyon ki vin apre yo pou relye elèv ou a (yo) ak kont ou an:

- Idantifikasyon elèv la
- Non
- Siyati
- Dat nesans

**16. Kijan m kapab jwenn kont pou manje midi timoun mwen an?**
Ou etabli kont lan sou https://family.titank12.com. Yonfwa kont lan fin etabli, paran yo kapab gen aksè nan kont lan nenpòt lè.

**17. Konbyen manje midi nan lekòl la koute?**
Pri total la se $2.50, epi pri redui a se $0.40.

**18. Èske timoun mwen an kapab jwenn manje si li pa gen lajan sou kont TITAN School Solutions an?**
Selon direktif federal yo, distri a dwe fè yon efò pou ranmase pèman ki obligatwa a. Konsèy Edikasyon Newark pran angajman pou bay tout timoun yo yon repa an sante epi ki nitritif.

**Manje Maten nan Lekòl**

**19. Kisa pwogram manje maten nan lekòl la ye?**
Pwogram manje maten nan lekòl la fè pati Pwogram Nasyonal Repa Midi Lekòl (National School Lunch Program, NSLP), epi nou bay tout elèv Konsèy Edikasyon Newark yo repa sa a chak jou.

**20. Kikote yo bay manje maten an?**
Pwogram manje maten an fèt nan sal klas la pou tout elèv klas elemantè yo epi li fè pati jounen lekòl la. Elèv lekòl segondè yo benefisye yon pwogram manje maten tradisyonèl nan kafeterya a.

**21. Poukisa Konsèy Edikasyon Newark ap ankouraje yon pwogram manje maten nan sal klas la?**
Rechèch yo montre yon timoun ki patisipe nan pwogram manje maten nan sal klas la pi byen prepare pou aprann, li deja sosyalize li, epi gen mwens ensidan pou li gen konpòtman deranjan epi pou li vin malad. Lekòl ki soutni pwogram sa a nan kad jounen lekòl la amelyore aksè nan manje maten pou elèv yo, epi rezilta tès yo reflete amelyorasyon ki fèt nan rezilta elèv yo.

**22. Kijan Konsèy Edikasyon Newark konpare tèt li avèk lòt distri iben ki gen nan peyi a?**
New Jersey twouve li nan 48$^{yèm}$ ran nasyonal konsènan pwogram manje maten. Konsèy Edikasyon Newark twouve li nan 5$^{yèm}$ ran parapò ak 27 lòt gwo distri iben yo pou sa ki gen rapò ak sèvi pi plis elèv chak jou. An 2005, lè Newark te kòmanse pwogram li an, li te sèvi anviwon 8,000 elèv chak jou. Jodi a, pwogram nan ap sèvi prèske 28,000 repa chak jou, epi li pèmèt distri a ogmante revni li yo pou plis pase $3 milyon chak ane.

**23. Konbyen manje maten an koute?**
Pri a se $0.80, sepandan, li gratis pou tout elèv Konsèy Edikasyon Newark yo nan kad pwogram inivèsèl pou manje maten gratis la, epi distri a absòbe pri a.

**Pwogram McKinney-Vento Education pou Timoun ak Jèn ki Sanzabri yo**

Pwogram Stewart B. McKinney-Vento Education pou Timoun ak Jèn ki Sanzabri yo (McKinney-Vento EHCY) ofri elèv ki sanzabri yo pwoteksyon ak sèvis ki pèmèt yo enskri epi ale nan lekòl la, fini ansèyman lekòl segondè yo, epi vin nan pozisyon pou yo reyisi apre yo fin resevwa diplòm, yon fason pou yo kapab evite povrete epi vin sanzabri lè yo granmoun.

**Definisyon sou Kalifikasyon: Kiyès Timoun ak Jèn ki Sanzabri yo ye?**

Timoun ak jèn ki sanzabri yo se moun ki pa gen yon domisil fiks, regilye, epi ki adekwat pou pase nuit lan, san wete (https://www.nj.gov/education/homeless/who/):

- Timoun ak jèn ki pataje lojman avèk lòt moun paske yo pèdi lojman yo, akoz difikilte ekonomik, oswa yon rezon ki sanble; timoun ak jèn ki ap viv nan motèl, otèl, pakin karavàn oswa teren kanpin akoz pa gen posibilite pou yo jwenn lòt lojman ki apwopriye; timoun ak jèn ki ap viv nan abri ijans oswa tranzisyonèl; oswa timoun ak jèn yo abandone nan lopital;
- Timoun ak jèn kote rezidans prensipal pou yo pase nuit lan se yon kote piblik oswa prive, ki pa t konstwi pou sèvi kòm kote pou moun kouche regilyèman, oswa yo pa gen abitid itilize nan objektif sa a;
- Timoun ak jèn ki ap viv nan machin, pak, espas piblik, nan bilding ki abandone, lojman ki sal, estasyon tren oswa bis, oswa lòt kote ki sanble; epi
- Pitit moun ki migran ki kalifye antanke sanzabri paske timoun yo ap viv nan sikonstans nou dekri anwo a.

**Direktif Lwa McKinney-Vento sou Èd pou Sanzabri, Tit VII, Soutit B, Seksyon 725(2)**

- Pwogram Edikasyon pou Timoun ak Jèn ki Sanzabri yo (EHCY) jwenn otorizasyon sou baz Tit VII-B Lwa McKinney-Vento sou Èd pou Sanzabri yo (42 U.S.C. 11431 et seq.) (McKinney-Vento Act). Okòmansman, yo te otorize Lwa McKinney-Vento a nan ane 1987, epi, sa pa gen twò lontan, Every Student Succeeds Act (ESSA) te otorize li ankò an desanm 2015.
- **Chapit 17 Kòd Administratif New Jersey** - Yo te adopte Edikasyon pou Elèv ki Sanzabri ak Elèv ki Plase nan Etablisman Eta a pou gen asirans timoun ki sanzabri ak elèv ki plase nan etablisman Eta a resevwa yon edikasyon ki konplè epi efikas. Chapit sa a etabli yon seri politik ak pwosedi inik toupatou nan Eta a pou garanti enskripsyon timoun ki sanzabri yo, epi pou reponn apèl paran oswa lòt pati yo fè konsènan enskripsyon timoun ki sanzabri yo. Epitou, chapit la idantifye egzijans jeneral pwogram nan ki lye avèk fonksyònman, administrasyon, epi apwobasyon pwogram edikatif yo nan etablisman Eta a.

**Plis Definisyon**

- **Jèn Sanzabri ki Akonpaye:** Si sitiyasyon w fè pati youn (1) nan kategori ki anwo yo, epi w anba gad fizik (ap viv avèk) yon paran oswa yon responsab legal, ou ap vi nan sitiyasyon ki respekte definisyon yon jèn ki sanzabri.

- **Jèn Sanzabri ki Pa Akonpaye:** Si sitiyasyon w fè pati youn (1) nan kategori ki anwo yo, epi w pa anba gad fizik (ap viv avèk) yon paran oswa yon responsab legal, ou ap vi nan sitiyasyon ki respekte definisyon yon jèn sanzabri ki pa akonpaye.
- Gid federal revize ki pa reglemantè sa a pou pwogram McKinney-Vento a ranplase gid mwa jiyè 2004 la, epi ladan li, gen nouvo kesyon ki reflete alafwa modifikasyon Every Student Succeeds Act ESSA la pote nan Lwa McKinney-Vento a, ki te antre an vigè nan dat 1ye oktòb 2016 la, epi nouvo èd teknik sou pratik yo pwomèt pou mete sou pye yon seri egzijans nan kesyon edikasyon sanzabri yo nan nivo Eta a ak lokal. Gid la dekri egzijans ESSA a epi li fè rekòmandasyon pou yo rive reponn yon gwo kantite nan egzijans sa yo.

**Pwen Kontak Bilding Lekòl McKinney-Vento (MV-POC)**
Yo deziyen chak bilding lekòl kòm MV-POC pou idantifye epi soutni elèv ak fanmi ki nan yon sitiyasyon sanzabri oswa ki deplase. Travayè Sosyal Lekòl la nan nivo Lekòl Segondè te jwenn asiyasyon pou jwe wòl sa a. Kolaborasyon w avèk Travayè Sosyal Lekòl la enpòtan pou gen asirans elèv ki deplase yo resevwa yon apwòch kolaboratif yon fason pou elimine obstak ki anpeche yo reyisi, epi pou yo jwenn yon diplòm lekòl segondè, epi gen aksè nan opòtinite apre segondè yo.

**Resous pou Elèv McKinney-Vento nan Kesyon Preparasyon Inivèsite ak Karyè**
Se Òganizasyon SchoolHouse Connection ki bay resous sa yo.
- https://schoolhouseconnection.org/fafsa/
- Fichye Google Resous pou Elèv McKinney-Vento nan Kesyon Preparasyon Inivèsite ak Karyè: https://drive.google.com/drive/folders/1E2shGyHtx0A0COP3tgxzDIT4zEO2Lcrp?usp=sharing
- Enfòmasyon sou Bousdetid: https://schoolhouseconnection.org/scholarship/

**Responsabilite Paran**
Wòl paran yo kapab divize an twa (3) kategori prensipal: (1) wòl paran yo nan demontre sipò nan edikasyon timoun yo, (2) wòl paran yo nan fè lakay yo vin tounen yon kote ki sèten pou moun aprann, epi (3) wòl paran yo pou asire yo devwa lakay yo fèt.

**Politik Inifòm nan Edikasyon Fizik**
Pwogram Edikasyon Fizik Konsèy Edikasyon Newark yo fèt pou devlope epi ranfòse yon pakèt konsèp mouvman, konpetans espòtif, aktivite fizik, ansanm ak tès ki lye ak sante yon fason pou fòme yon seri sitwayen ki edike fizikman epi ki an sante. Edikasyon Fizik (PE) jan Society of Health and Physical Educators (SHAPE) America a defini li, devlope konpetans fizik moun nan grasa pratik delibere yon seri tach aprantisaj byen fèt ki pèmèt moun nan vin gen konpetans nan yon klima ansèyman ki baze sou metriz. Edikasyon Fizik mete aksan sou yon angajman pèsonèl nan yon aktivite ak yon fòm fizik pandan tout lavi pou plezi, defi, ekspresyon pèsonèl, epi entèraksyon sosyal.

Grasa kokenn atansyon yo fikse nan efò pou fè prevansyon kont obezite lakay timoun piti, sanble gen kèk konfizyon ant tèm "edikasyon fizik" ak tèm "aktivite fizik" la. Yo souvan itilize tèm sa yo youn nan plas lòt, men, yo gen gwo diferans. Li enpòtan pou rive konen diferans ki gen ant de (2) tèm yo pou konprann rezon ki fè toude kontribye nan devlopman timoun ki aktif epi an sante yo. Distri a panse chak timoun merite resevwa yon pwogram edikasyon fizik ak aktivite fizik bon kalite.

Pwogram edikasyon fizik nan lekòl yo (PE) ofri pi bon opòtinite ki genyen pou pwopoze yon aktivite fizik pou tout timoun yo, epi pou anseye konpetans ak konesans ki nesesè pou etabli epi kenbe yon mòd lavi aktif. Eta New Jersey egzije pou lekòl yo bay omwen 150 minit edikasyon fizik ak sante chak semèn nan tout klas yo. Sou baz frekans aprantisaj la, yo pa dwe konpare edikasyon fizik la oswa konfonn li avèk lòt eksperyans aktivite fizik yo tankou rekreyasyon, aktivite anndan lekòl la, oswa aktivite rekreyatif yo.

Nou atann pou chak elèv mete yon inifòm edikasyon fizik pou patisipe nan pwogram edikasyon fizik la yon fason ki aktif. Elèv ki pa mete inifòm ki apwopriye a lakoz plizyè pwoblèm sekirite ki lye ak ijyèn, restriksyon mouvman, epi vizibilite. Epitou, lefètke elèv yo mete yon inifòm PE lekòl, sa fè li pi fasil pou rekonèt yo, sitou lè klas la twouve li deyò sou teren yo.

Inifòm PE ki obligatwa a ki gen bagay ki vin apre yo:

- Mayo PE ki gen logo lekòl la (li ap disponib pou achte nan lekòl timoun ou an oswa lakay founisè distri a apwouve)
- Chòt PE ki gen logo lekòl la (li ap disponib pou achte nan lekòl timoun ou an oswa lakay founisè distri a apwouve)
- Chosèt
- Tenis Espò
- Yo kapab mete kolan anba chòt yo
- Epitou, elèv yo kapab mete yon pantalon souvètman ak yon chanday pa anlè inifòm edikasyon fizik la lè gen tan frèt
- Nou pa otorize okenn bòt, sou kèlkeswa fòm nan, sou teren jimnaz la.

## Disiplin Pwogresif - Sijesyon Entèvansyon

<table>
<tr><th colspan="2">Nivo Entèvansyon ak Repons Disiplinè</th></tr>
<tr><td colspan="2">Nivo 1: Repons Reparatris<br>Pèmèt elèv la ak granmoun yo pran responsabilite pou zak yo komèt, pou konprann sa ki te kapab fèt yon fason diferan, epi jwenn yon posibilite pou aprann konpòtman pwososyal pou repare blesi a.</td></tr>
<tr><td>• Koreksyon vèbal<br>• Refleksyon ak eskiz alekri<br>• Konferans kominotè nan sal klas<br>• Konferans pwofesè-elèv<br>• Konferans familyal<br>• Sèvis kominotè</td><td>• Medyasyon kamarad oswa kominote<br>• Rezoud konfli<br>• Sik reparatris<br>• Konferans reparatris<br>• Tribinal Jèn Newark<br>• Restitisyon</td></tr>
<tr><td colspan="2">Nivo 2: Modifikasyon Konpòtman<br>Fè prevansyon oswa korije enfraksyon disiplinè ki pèsistan grasa yon pwosesis sistematik pou idantifye koz pwofon anrapò ak konpòtman elèv yo.</td></tr>
<tr><td>• Chanjman pwogram<br>• Chanjman chèz<br>• Detansyon<br>• Sèvis Entèvansyon ak Referans (I&RS)/Ekip Sipò Elèv (SST)<br>• Referans konsènan Asèlman, Entimidasyon, ak Brimad (HIB)<br>• Restitisyon<br>• Evalyasyon Fonksyon Konpòtmantal ak Plan Amelyorasyon Konpòtmantal</td><td>• Kontra konpòtman endividyèl<br>• Medyasyon kamarad oswa kominote<br>• Konferans reparatris<br>• Pwojè Sèvis Aprantisaj<br>• Referans nan yon seri ajans sèvis sosyal, san wete ajans gouvènmantal (ki pa la pou fè aplike lalwa), òganizasyon kominotè, ak òganizasyon sante<br>• Pwogram Referans pou Fòmatè</td></tr>
<tr><td colspan="2">Nivo 3: Administrasyon I<br>Repons disiplinè ki fè elèv yo kite sal klas la pou yon dire tou kout (sètadi 4 jou oswa mwens), ak referans nan yon seri ajans sèvis sosyal, san wete gouvènman, òganizasyon kominotè, ak òganizasyon sante.</td></tr>
<tr><td>• Chanjman pwogram<br>• Sispansyon nan lekòl<br>• Sispansyon deyò lekòl<br>• Renvwa pou egzamen detèminasyon manifestasyon (elèv ki gen andikap)</td><td>• Referans nan yon seri ajans sèvis sosyal, san wete ajans gouvènmantal (ki pa la pou fè aplike lalwa), òganizasyon kominotè, ak òganizasyon sante<br>• Referans Sante Mantal<br>• Referans Sante Konpòtmantal</td></tr>
<tr><td colspan="2">Nivo 4: Administratif II<br>Repons disiplinè ki fè elèv yo kite sal klas la pou yon dire ki long (sètadi pa plis pase 10 jou), ak referans pou ajans sèvis sosyal, san wete gouvènman, òganizasyon kominotè, ak òganizasyon sante.</td></tr>
<tr><td>• Transfè eskolè<br>• Sispansyon direktè jeneral<br>• Ekspilsyon</td><td>• Referans nan yon seri ajans sèvis sosyal, san wete ajans gouvènmantal (ki pa la pou fè aplike lalwa), òganizasyon kominotè, ak òganizasyon sante<br>• Referans ak fòs delòd</td></tr>
</table>

| Kad Repons pou Disiplin Pwogresif | | | |
|---|---|---|---|
| Nivo 1<br>Repons Reparatris<br>(pa egzanp Sik reparatris, rezolisyon konfli, konferans)<br>Pèmèt elèv la pran responsabilite li pou aksyon li fè, konprann sa li te kapab fè yon fason ki diferan, epi jwenn yon posibilite pou aprann konpòtman pwososyal pou repare blesi a. | Nivo 2<br>Chanjman Konpòtman<br>(pa egzanp kontra konpòtman, konsèy, sèvis kominotè, referans)<br>Fè prevansyon oswa korije enfraksyon disiplinè ki pèsistan grasa yon pwosesis sistematik pou idantifye koz pwofon anrapò ak konpòtman elèv yo. | Nivo 3<br>Administratif I<br>(pa egzanp ranvwa eskolè, sispansyon anndan ak deyò lekòl, referans)<br>Repons disiplinè ki fè elèv yo kite sal klas la pou yon dire tou kout (sètadi 4 jou oswa mwens), ak referans nan yon seri ajans sèvis sosyal (pa egzanp CBO, ak òganizasyon sante). | Nivo 4<br>Administratif II<br>(pa egzanp, Sispansyon, kanpe, referans direktè jeneral)<br>Repons disiplinè ki fè elèv yo kite sal klas la pou yon dire ki long (sètadi pa plis pase 10 jou), ak referans pou ajans sèvis sosyal (pa egzanp CBO, òganizasyon sante). |

| Konpòtman ki Pa Apwopriye oswa Deranje | Nivo 1 | Nivo 2 | Nivo 3 | Nivo 4 | Kapab Refere bay Lapolis |
|---|---|---|---|---|---|
| Absans, reta, absanteyis<br>• Reta san eskiz oswa eksesif (L2C)<br>• Rediksyon klas/absans (L2D)<br>• Kite lekòl la san otorizasyon (L2Q)<br>• Absans kwonik (L3L)<br>• Absans kwonik (L3M) | X | X | X | | |
| Malonète Akademik<br>• Triche (L1C)<br>• Malonète eskolè, pa egzanp plajya (L2G)<br>• Itilize fo nòt oswa eskiz (L2F) | X | X | | | |
| Goumen<br>• Goumen avèk yon lòt elèv (L3D) | X | X | X | | |
| Atak sou Elèv<br>• Pa lakoz blese, blesi ki pa grav (L3AA)<br>• Lakoz gwo blese, blesi kòporèl ki grav (L4T) | X | X | X | X | X |

| Konpòtman ki Pa Apwopriye oswa Deranje | Nivo 1 | Nivo 2 | Nivo 3 | Nivo 4 | Kapab Refere bay Lapolis |
|---|---|---|---|---|---|
| Menas Bonb (L4E) | X | X | X | X | X |
| Vyolasyon Bis (Ti Deranjman)<br>• Ti deranjman nan bis lekòl la oswa nan transpò piblik (L2S)<br>• Gwo deranjman nan bis lekòl la oswa nan transpò piblik (L3CC) | X | X | X | | |
| Deranje Sal Klas<br>• Konpòtman deranjan (L1A) | X | | | | |
| Aliman ki Kontamine (L3T) | X | X | X | | |
| Konpòtman Kontinye Nivo 1 (L2B) | X | X | | | |
| Konpòtman Kontinye Nivo 2 (L3BB) | X | X | X | | |
| Konpòtman Kontinye Nivo 3 (L4C) | X | X | X | X | |
| Denigreman (L2N) | X | X | | | |
| Dezobeyi Otorite oswa Ensibòdinasyon<br>• Pa suiv enstriksyon yo (L1E)<br>• Defye otorite manm pèsonèl lekòl la (L2Y)<br>• Defyans ekstrèm (L3N) | X | X | X | | |
| Konpòtman san Respè<br>• Langaj ak/oswa jès pwofàn, blesan, endesan, imoral epi/oswa ki ofansan anpil (L2A)<br>• Konpòtman deranjan san rete (L3H) | X | X | X | | |
| Vyolasyon Kòd Vestimantè<br>• Mete kaskèt oswa lòt abiman ki ap deranje pwosesis edikatif la (L1F)<br>• Pa pote kat idantite (L1H)<br>• Mete rad oswa akseswa ki lye ak yon gang, ki endike w se manm yon gang (L2L) | | | | | |

| Konpòtman ki Pa Apwopriye oswa Deranje | Nivo 1 | Nivo 2 | Nivo 3 | Nivo 4 | Kapab Refere bay Lapolis |
|---|---|---|---|---|---|
| Dwòg oswa Sibstans Kontwole | | | | | |
| • Posede, itilize oswa distribiye medikaman ki pa otorize (L3X) | X | X | X | | |
| • Posede oswa distribiye dwòg oswa lòt sibstans kontwole, san wete alkòl, marigwana, medikaman sou òdonans, pwodui inalasyon, parafenalya, ak lòt sibstans entoksikan (L4K) | X | X | X | X | X |
| • Itilize dwòg oswa lòt sibstans kontwole, san wete alkòl, marigwana, medikaman sou òdonans, pwodui inalasyon, parafenalya, ak lòt sibstans entoksikan (L4J) | X | X | X | X | |
| Ekstòsyon (L4D) | X | X | X | X | |
| Fo Deklanchman Alam Ensandi<br>• Kreye fo alam (L3Z)<br>• Deklanche alam ensandi (L4B) | X | X | X | X | |
| Ensandi Volontè oswa Kriminèl (L4I) | X | X | X | X | X |
| Jwe Aza (L3B) | X | X | X | | |
| Asèlman, Entimidasyon, ak Brimad (HIB) | | | | | |
| • HIB (HIBL1)<br>• HIB, san kanpe (HIBL2) | X | X | | | |
| HIB, menas san rete (HIBL3A)<br>• Asèlman akoz sèks, ras, oswa orijin etnik (HIBL3C)<br>• Asèlman seksyèl (HIBL3D)<br>HIB, Sibè Asèlman (HIBL3B) | X | X | X | | X |
| • HIB, agresyon/menas (HIBL4A)<br>• HIB, sibè asèlman (HIBL4B) | X | X | X | X | X |
| Ensite oswa Patisipe nan Dezòd<br>• Entèfere avèk otorite oswa pwogram eskolè yo pa mwayen debrayaj oswa sit-in (L2T) | X | X | | | |

| Konpòtman ki Pa Apwopriye oswa Deranje | Nivo 1 | Nivo 2 | Nivo 3 | Nivo 4 | Kapab Refere bay Lapolis |
|---|---|---|---|---|---|
| Enstigasyon<br>● Fè enstigasyon, ankouraje, oswa fòse yon lòt moun komèt oswa eseye komèt yon enfraksyon nan kòd konduit la (L2W). | X | X | | | |
| Kontak Fizik avèk Pèsonèl Lekòl La<br>● Atak entansyonèl sou pèsonèl lekòl la oswa lòt granmoun (L4M) | X | X | X | X | X |
| Posede oswa Itilize Tabak<br>● Fimen sou pwopriyete lekòl la (L2E) | X | X | | | |
| Vandalis (Andomaje Pwopriyete), san wete Grafiti<br>● Grafiti (L3C)<br>● Vandalis, mwens pase $500 (L3E)<br>● Vandalis, plis pase $500 (L4P) | X | X | X | X | |
| Agresyon Seksyèl (L4S)<br>● Yon zak seksyèl ki gen penetrasyon | X | X | X | X | X |
| Aktivite Seksyèl ki Pa Apwopriye<br>● Kontak seksyèl ki pa apwopriye (L2M)<br>● Jès ki endesan (L2O) | X | X | | | |
| Vyolasyon Politik Itilizasyon Teknoloji ki Aseptab (L2X) | X | X | | | |
| Itilize telefòn selilè pou lakoz yo fè yon krim byen fasil oswa pou enflije yon seri blesi oswa domaj sou moun oswa pwopriyete (L4Q) | X | X | X | X | X |
| Menas Kont Pèsonèl Lekòl la, Alekri oswa Vèbal (L3G) | X | X | X | | |
| Vòl<br>● Vòlè (L3F)<br>● Vòlè, posede, oswa vanm pwopriyete ki vòlè (L4F) | X | X | X | X | X |
| Fòse Antre (L3Y) | X | X | X | | |
| Vann oswa Distribiye Materyèl Enprime san Otorizasyon (L2U) | X | X | | | |

| Konpòtman ki Pa Apwopriye oswa Deranje | Nivo 1 | Nivo 2 | Nivo 3 | Nivo 4 | Kapab Refere bay Lapolis |
|---|---|---|---|---|---|
| Itilize Aparèy Pòtab Elektwonik oswa Kominikasyon san Otorizasyon<br>• Itilize aparèy mizikal (L2J)<br>• Itilize telefòn selilè oswa lòt aparèy kominikasyon (L3R) | X | X | X | | |
| Pipi oswa Poupou yon Fason ki Pa Apwopriye (L2V) | X | X | | | |
| Menas Vèbal oswa Fizik Deklarasyon yon moun fè nan entansyon pou atake yon moun, pwopriyete, oswa dwa lòt moun<br>• Menas (L3G)<br>• Mete lòt moun an danje (L3W)<br>• Menas teyoris (L4R) | X | X | X | X | X |
| Zam, Zam Tire, Eksplozif (Posede oswa Itilize)<br>• Fe Datifis (L3V)<br>• Zam (L4A)<br>• Materyèl biyolojik (L4N)<br>• Zam danjere-Posede/Itilize (L4G)<br>• Eksplozif (L4O) | X | X | X | X | X |

**Resous Transpò Piblik**

Sistèm bis ak metwo lejè New Jersey Transit la se prensipal mwayen transpò pou pifò elèv nan Konsèy Edikasyon Newark ale lekòl epi retounen lakay yo. Pifò elèv nou yo konsidere transpò piblik kòm yon etap pou aprann konte sou tèt yo, pou grandi, epi kòm yon avantaj pou diminye blokis sou wout yo ak polisyon lè a. Yo konsidere transpò piblik yo kòm yon chwa ki gen bon sans pou fè ale retou lekòl nan yon gwo distri eskolè iben.

**Kesyon Moun Poze Souvan**

1. **Ki moun ki kalifye pou resous transpò piblik NBOE finanse yo?**
   An konfòmite avèk lwa Eta a, N.J.S.A. 18A:39-1, tout elèv nan lekòl elemantè piblik yo (klas K-8), ki abite nan yon distans ki plis pase de (2) mil parapò ak lekòl yo a, epi tout elèv lekòl piblik segondè (klas 9-12), ki abite nan yon distans de (2) mil edmi parapò ak lekòl yo gen dwa jwenn transpò.

2. **Kijan yo mezire distans ant kay yon elèv ak lekòl la?**
   Yo mezire li sou baz distans ki pi kout sou tout longè wout piblik yo oswa sou kote pyeton yo mache ant antre lakay elèv la ak antre piblik ki pi pre bilding lekòl la. Konsèy Edikasyon Newark itilize sèvis yon seri katograf pwofesyonèl pou detèmine distans ki genyen ant lakay elèv la ak anplasman lekòl kote elèv la enskri a.

3. **Kisa ki ap rive si elèv la abite nan yon distans ki pi piti parapò ak mileyaj ki obligatwa pou lekòl la?**
   An konfòmite avèk lwa Eta a, N.J.S.A. 18A:39-1, Boards of Education pa gen obligasyon pou asire transpò elèv ki abite nan distans ki mwens pase 2.0 oswa 2.5 mil parapò ak lekòl la, menm pou rezon sekirite.

4. **Yo konsidere elèv la kòm moun ki kalifye pou resous transpò. Kijan elèv la ap kapab fè ale retou nan lekòl la?**
   Konsèy Edikasyon Newark itilize sistèm bis New Jersey Transit la. Distri a bay elèv ki kalifye yo tikè bis oswa yon kat bis chak mwa.

5. **Kikote elèv la dwe ale pou jwenn resous nan kesyon transpò piblik la?**
   Lekòl elèv la gen yon lis elèv ki kalifye yo. Yo distribiye resous nan kesyon transpò piblik yo (kat oswa tikè bis chak mwa yo) chak mwa nan lekòl la.

6. **Kisa ki ap rive si elèv la pèdi kat oswa tikè bis li a?**
   Elèv yo gen responsabilite pou konsève resous transpò piblik yo a.

7. **Elèv la pa ranpli kondisyon NJDOE nan kesyon mileyaj la. Èske gen yon lòt bagay?**
   Wi. Kat Rediksyon pou Elèv NJ Transit yo disponib pou tout elèv yo epi yo kapab jwenn yo nan lekòl elèv la.

8. **Èske elèv ki nan charter school yo kalifye pou resous nan kesyon transpò piblik?**
   Elèv ki nan charter schools nan Newark yo kalifye pou resous nan kesyon transpò piblik, epi yo dwe respekte menm egzijans ak elèv ki nan yon lekòl nan distri a.

9. **Mwen gen lòt kesyon. Kimoun mwen dwe kontakte?**
   Tanpri, kontakte yon manm nan Biwo pou Transpò Elèv yo nan 973-733-7290 oswa voye kesyon w lan nan imèl bay opt@nps.k12.nj.us.

**Demann Rekritè Militè, Enstitisyon Ansèyman Siperyè, ak Potansyèl Patwon yo fè pou Jwenn Enfòmasyon sou Elèv yo**

Sou baz Lwa federal sou Edikasyon Elemantè ak Segondè a (ESEA), jan Lwa sou Reyisit Chak Elèv (ESSA) la modifye li, lekòl piblik yo dwe bay rekritè militè, rekritè kolèj/inivèsite, ak potansyèl patwon yo non, adrès, ak nimewo telefòn elèv yo, si rekritè yo mande enfòmasyon sa yo (ESSA, Title VIII, §8528). Sepandan, elèv yo oswa paran yo gen dwa fè demann alekri bay lekòl la pou yo pa bay enfòmasyon sa yo. Ou kapab jwenn kopi Lèt Notifikasyon "Refi" Paran pou Pibliye Enfòmasyon Elèv la nan men konseye eskolè elèv ou a.

**Kat Idantite Elèv**

Yo ap bay tout elèv yo yon kat idantifikasyon Lekòl la. Elèv yo dwe bay kat idantifikasyon sa a si yo mande li.

**Politik sou Evalyasyon Sante, Vaksinasyon ak Medikaman Elèv yo**

Y ap fè yon evalyasyon sante elèv pou tout elèv yo selon nivo eskolè elèv la. Nouvo elèv yo dwe fè tout tès depistaj yo. Se enfimyè lekòl la ki dwe evalye elèv yo endividyèlman. Nan evalyasyon sante elèv la, dwe gen: yon obsèvasyon jeneral sou elèv la, mezi wotè ak pwa li, egzamen je, tès oditif, egzamen dantè, epi yo dwe pran tansyon li. Elèv yo dwe resevwa konsèy sante ki apwopriye selon kondisyon sante yo. Y ap mete paran/responsab legal yo okouran konsènan tès depistaj, egzamen medikal oswa nenpòt kondisyon ki mande pou pwofesyonèl swen sante fanmi an fè yon suivi ki pi pwofon.

**Tès Depistaj pou Eskolyoz**

Byen souvan, yo rive detekte yon kote ki koube nan kolòn vètebral la pandan peryòd kwasans adolesan an. Si yon lòt moun nan fanmi an gen eskolyoz, vin gen plis posibilite pou ensidan sa a rive. Efè eskolyoz la depan selon jan li grav, si yo detekte li byen bonè, ansanm ak rapidite tretman an. Nan lekòl Distri a, se yon doktè eskolè, yon enfimyè eskolè, oswa yon pwofesè edikasyon fizik ki ap fè tès depistaj yo. Sou baz lalwa, tout Konsèy Edikasyon New Jersey dwe fè tès depistaj eskolyoz pou chak elèv ki gen 10 rive 18 lane. Yo dwe fè tès depistaj eskolyoz pou elèv yo an konfòmite avèk direktif sou eskolyoz la, sou yon baz de (2) fwa chak ane. Si yo dyagnostike yon eskolyoz lakay yon elèv, yon pwofesyonèl swen sante, yon espesyalis òtopedis, oswa yon klinik dwe suiv li (Kòd Administratif New Jersey 6A: 16:2.21-2010).

**Vaksen**
Egzijans ak Rekòmandasyon pou Vaksen:

- Difteri, tetanòs, ak koklich (DTaP, Td, oswa Tdap)
- Epatit A (Rekòmande)
- Epatit B
- Lawoujòl, Mal Mouton, ak Ribeyòl (MMR)
- Varisèl
- Maladi Menengokòk
- Papiyomaviris Imen (HPV) (Rekòmande)
- Vaksen kont Grip (Rekòmande, epi pa obligatwa pou yon elèv ki gen plis pase 59 mwa)

Elèv Lekòl Segondè yo dwe te resevwa yon dòz nan tout vaksen ki obligatwa yo anvan yo antre nan lekòl la. Elèv ki te vaksinen epi ki poko resevwa pwochen dòz la kapab vini nan lekòl la antanke elèv pwovizwa rive jis nan dat kote yo dwe pran vaksen an. Si elèv la soti nan yon lòt Eta oswa nan yon lòt peyi, li gen yon delè jiska 30 jou pou li bay yon kat vaksinasyon. Delè sa a pa aplike pou elèv ki transfere nan Eta a.

**Politik sou Medikaman**
Paran yo dwe bay enfimyè a:

- Òdonans doktè yo ki siyen, gen so epi gen dat. Li kapab sou youn (1) nan fòm Distri a.
- Paran yo dwe bay enfimyè a yon fòm konsantman ki siyen yon fason pou li suiv òdonans doktè a.
- Dwe gen sa ki vin apre a nan òdonans doktè a:
  - Non Medikaman an
  - Wout medikaman an (fason pou yo bay li)
  - Lè pou yo bay medikaman an
  - Benefisyè medikaman an
  - Dozaj medikaman pou bay la
  - Yo dwe bay premye dòz la lakay li
  - Non, adrès ak nimewo telefòn elèv la
  - Non ak nimewo telefòn famasi a ansanm ak doktè medikal oswa enfimyè pratisyèn ki fè preskripsyon an
  - Si medikaman an kachte, yo pa dwe dekachte li
  - Enfimyè eskolè a dwe egzamine tout medikaman yo kou li resevwa yo, epi li dwe note efè segondè posib yo
  - Si gen nenpòt enkyetid, enfimyè eskolè a ap kontakte paran/responsab legal la

**Dokiman Travay**

Apati 1[ye] jen 2023, nou ap trete dokiman travay yo anliy. Olye pou elèv yo pase nan lekòl lokal yo epi pou ale nan Biwo Santral la, yo ap annik ale sou sit entènèt ki vin apre a epi nou ap gide yo pa mwayen kèk etap byen fasil:

- https://nj.gov/labor/youngworkers/

**Pwosesis pou Elèv ak Responsab Swen yo**

Pou Elèv yo:

- Kreye yon kont. Antre non w ak adrès imèl ou nan myworkingpapers.nj.gov. Ou ap resevwa yon lyen pou konfime adrès imèl ou.
- Ranpli aplikasyon an. Ou ap bezwen kòd inik patwon w lan ki gen 8 chif, ansanm ak non epi adrès imèl responsab swen w lan pou soumèt pati demann ou an. Si patwon w lan pa anrejistre, soumèt adrès imèl li epi li ap resevwa yon lyen pou kreye yon kont.
- Suiv pwogrè w yo. Ou kapab bezwen fè yon suivi avèk responsab swen epi patwon w lan, ki dwe soumèt pati demann yo a anvan w kapab kòmanse travay. Si yo rejte demann ou an pou kèlkeswa rezon an, ou p ap kapab travay toutotan w pa soumèt yon nouvo demann ki apwouve.
- Al travay! Ou kapab kòmanse travay apre yo fin apwouve demann ou an.
- Si w ajoute oswa chanje travay, ou bezwen soumèt yon nouvo demann pou dokiman travay.

Pou Responsab Swen an:

- Verifye imèl ou. Yon minè ki fè demann dokiman travay dwe bay non ak adrès imèl responsab swen an. Responsab swen an ap resevwa yon imèl ki gen yon lyen pou li ranpli pati pa li a nan demann lan.
- Revize aplikasyon an. Si tout bagay sanble kòrèk, telechaje prèv laj minè a epi apwouve demann lan. Dokiman prèv laj ki akseptab:
    - Sètifika nesans oswa transkripsyon sètifye
    - Lisans chofè oswa pèmi aprann minè
    - Sètifika batèm
    - Ak kontanporen otantik konsènan dat ak kote minè a fèt la
    - Paspò
    - Sètifika antre nan peyi Etazini, Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon peyi Etazini an (USCIS) bay ki montre laj minè a.
    - Polis asirans vi (akondisyon polis la date omwen yon (1) lane apati moman kote yo te prezante li kòm prèv la)
- Si w enkyè konsènan yon aspè nan travay la (sètadi orè yo, deskripsyon tach yo, elatriye), ou kapab rejte demann lan epi minè a p ap kapab kòmanse travay.
- Si w pa reyaji anrapò ak demann lan nan yon delè de (2) semèn, nou ap panse demann lan apwouve, epi minè a ap kapab kòmanse travay. Sepandan, si w vin rejte demann dokiman travay la pi devan, timoun ki minè a dwe sispann travay lè sa a.

# Pwogram Lekòl/Distri



**Edikasyon Granmoun**

Biwo pou Edikasyon Granmoun yo sèvi antanke prensipal sipò pou Konsèy Edikasyon Newark pou granmoun ki ap chèche posibilite edikasyon anplis yo. Nou pran detèminasyon pou nou gen yon enpak pozitif sou lavi rezidan Newark yo. Nou ofri pwogram ak chemen pou granmoun yo jwenn yon Diplòm Devlopman Edikasyon Jeneral (GED), patisipe nan Edikasyon Debaz pou Granmoun, vin gen konpetans nan Angle ak Espanyòl, patisipe nan aprantisaj/estaj nan metye espesyalize, epi suiv kou preparasyon pou inivèsite. Kou ak klas yo ouvri pou tout rezidan Newark yo, selon prensip premye rive, premye sèvi a. Pifò kou ak klas yo ouvri pou yon maksimòm 15-20 elèv. Tout elèv yo dwe gen 18 lane oswa plis, epi yo dwe kite edikasyon fòmèl la pou enskri nan kou Ekivalan Lekòl Segondè yo. Distri a ofri kou ak klas nan chak katye nan vil la.

Kou/Klas nou Ofri yo:

- Ekivalan Lekòl Segondè (HSE/GED) (Anglè /Espanyòl)
- Anglè kòm yon Dezyèm Lang (ESL)
- Entwodiksyon nan Espanyòl
- Entwodiksyon nan Teknoloji Enfòmatik
- Biznis Antreprenarya
- Kuizin/Kilinè
- Egzèsis Ayewobik
- Yoga
- Terapi Atistik

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sit entènèt nou an nan www.nps.k12.nj.us/adult-education.

**Edikasyon Bileng**

Konsèy Edikasyon Newark (NBOE) ap travay pou asire tout elèv bileng emèjan yo resevwa diplòm pandan yo prepare pou reyisit inivèsitè ak pwofesyonèl. Sa mande pou yo vin gen yon konsyans kiltirèl konsènan wòl endividyèl yo jwe antanke moun ki ap kontribiye nan kominote mondyal la. Nou ap rive atenn objektif sa a lè nou pèmèt elèv yo gen aksè nan yon pwogram solid ansanm ak yon edikasyon ki konsidere lang, kilti ak divèsite elèv yo.

Lekòl nou yo pran angajman pou bay elèv bileng emèjan nou yo yon seri pwogram ansèyman bon kalite, yon fason pou amelyore rezilta eskolè yo. Elèv ki bezwen sèvis sipò lengwistik yo jwenn èd grasa klas bileng yo ansanm ak klas Anglè Kòm yon Dezyèm Lang (ESL) yo. Se yon seri pwofesè ki sètifye nan matyè yo ap anseye a epi ki demontre metriz nan yon lòt lang ki anseye kou bileng yo. NBOE pwopoze kou bileng pou elèv lang natifnatal yo se Espanyòl, Pòtigè ak Fransè. Se yon seri pwofesè ki sètifye pou anseye elèv yo Anglè ki ap anseye kou ESL yo. Pwofèsè ESL yo ap travay avèk tout elèv bileng emèjan yo, epi yo fè klas konpreyansyon oral, ekspresyon oral, lekti, ak ekriti pou yo chak jou.

Chak lekòl gen yon Pwofesè Evalyasyon Bezwen Bileng (Bilingual Needs Assessment Teacher, BNAT) pou reponn kesyon elèv ak paran yo genyen sou pwogram sipò lekòl la ofri yo. Tanpri, kontakte lekòl timoun ou an si w gen kesyon sou pwogram sipò lengwistik lekòl segondè a. Epitou, ou kapab jwenn enfòmasyon pou kontakte Biwo Edikasyon Bileng lan sou sit entènèt NBOE a.

**Pwogram Sipò Lengwistik Lekòl Segondè**

| Lekòl | Pwogram | Pwogram |
|---|---|---|
| Barringer | Espanyòl Bileng Aplentan | Anglè kòm Dezyèm Lang (ESL) |
| Central | Espanyòl Bileng Amitan<br>Fransè Bileng Amitan | Anglè kòm Dezyèm Lang (ESL) |
| East Side | Espanyòl Bileng Aplentan<br>Pòtigè Bileng Aplentan | Anglè kòm Dezyèm Lang (ESL) |
| Fòmasyon Pwofesyonèl Newark | | Anglè kòm Dezyèm Lang (ESL) - Gwo Entansite |

**<u>Fòmasyon Chofè</u>**

Nou ofri elèv Dezyèm Ane nan Sante II yo Fòmasyon Chofè, epi sa fini avèk posibilite pou yo pase egzamen konesans nan Komisyon Machin a Motè nan New Jersey yo. Elèv yo dwe enskri epi pase Sante II a (Fòmasyon Chofè) yon fason pou pase egzamen konesans nan Komisyon Machin ki gen Motè nan New Jersey. Reyisi egzamen sa a gen rapò ak youn (1) nan egzijans kalifikasyon pou jwenn lisans chofè a. Rezilta egzamen yo valid pou 2 lane, epi yo dwe antre yo anvan 18$^{yèm}$ anivèsè elèv la. Elèv ki gen yon IEP (Pwogram Edikasyon Pèsonalize) kapab fè egzamen yo si yo gen 18 lane, avèk apwobasyon distri a.

Kontni kou a, sou baz Manyèl Chofè New Jersey a ak lòt resous yo, te aliyen avèk siksè sou Estanda Aprantisaj Elèv New Jersey (New Jersey Student Learning Standards for Comprehensive Health and Physical Education, NJSLS), epi Estanda Aprantisaj Elèv New Jersey pou Metriz nan Teknoloji ( New Jersey Student Learning Standards for Technology Literacy, NJSLS). Epitou, yo abòde sijè ki vin apre yo: don ògàn/tisi, sansibilizasyon kont alkòl ak dwòg, konduit defansiv, koutwazi sou wout, danje nan konduit agresif, lòt danje ki gen nan kondui, tankou modifikasyon vitès yon machin sanzatann, chanjman wout ki pa apwopriye oswa ki eratik, pa respekte dispozitif kontwòl sikilasyon yo, pa respekte dwa pasaj, suiv yon lòt machin twò pre, evite fè kolizyon, ansanm ak konprann epi respekte lwa Eta a sou kesyon machin ki gen motè yo, fwod nan kesyon asirans, ak egzijans ansanm ak avantaj Eta a pou chèche fè asirans machin ou.

**Enstriksyon Lakay**

Nenpòt elèv ki gen yon maladi oswa yon blesi tanporè ki lakoz li enposib pou li vin lekòl oswa yo pa konseye li vin lekòl lajounen oswa nan lòt posibilite pwogram edikatif, kapab resevwa yon enstriksyon lakay. Se Konsèy Edikasyon Newark an ki ap asire enstriksyon lakay oswa nan yon lòt kad yo.

Objektif Enstriksyon Lakay la se ede elèv la kontinye kenbe ansèyman yo pandan absans elèv la nan pwogram regilye a.

Pou kalifye pou enstriksyon lakay, paran/responsab legal la dwe bay yon demann pou enstriksyon medikal lakay, ki gen ladan li yon deklarasyon doktè elèv la voye ki endike elèv la ap konfine lakay li oswa nan yon lòt lokal tretman pou 10 jou lekòl youn dèyè lòt oswa 20 oswa plis jou lekòl antou pandan ane eskolè a.

Doktè elèv la dwe montre alekri, elèv la pa kapab ale lekòl la pandan yon peryòd 10 jounen lekòl konsekitif oswa 20 oswa plis jou lekòl antou pandan ane eskolè a. Enstriksyon lakay la limite pou yon peryòd 60 jou. Si yo prevwa elèv la ap bezwen yon enstriksyon medikal lakay anplis ki depase kantite tan apwouve a, enfimyè Lekòl la dwe ranpli yon nouvo fòm Demann pou Enstriksyon Medikal Lakay anvan dat pou enstriksyon an fini an.

- Yo p ap dispanse enstriksyon lakay la lè gen mwens pase dis (10) jou oswa pi piti jou ki rete nan ane eskolè a.
- Pou yo kapab bay yon elèv edikasyon espesyal enstriksyon lakay, dwe gen yon Plan Edikasyon Pèsonalize (IEP). Si yon paran/responsab legal oswa yon doktè mande pou yon elèv edikasyon espesyal resevwa enstriksyon lakay pou yon peryòd tan ki pi long pase 30 jou lekòl, IEP a dwe modifye pou li reflete chanjman plasman sa a.

Yo te seleksyone enstriktè lakay pou timoun ou an pami yon seri pwofesè ki gen lisans epi Konsèy Edikasyon Newark te apwouve anvan sa. Se Kowòdonatè Enstriksyon Lakay la ki ap deziyen enstriktè lakay yo. Seleksyon enstriktè lakay pou timoun ou an ap baze sou yon seri pratik ki etabli epi ki apwouve.

**Gwoup Travay sou Pwogram Espòtif Entèskolè ak Pwen Match**

Distri a esponnsorize yon pakèt pwogram ak aktivite espòtif entèskolè pou tout elèv nan nivo invèsitè, jinyò ansanm ak premye ane. Pami sa yo ofri yo gen:

Bezbòl
Baskètbòl (Gason ak Fi)
Bolin (Co-Ed)
Tchèlidè (Co-Ed)
Cross Country (Gason ak Fi)
Eskrim
Flag Football (Fi)
Foutbòl Ameriken
Gòlf (Co-Ed)
Oke sou Glas (Gason ak Fi)
Atletis Enteryè (Gason ak Fi)
Lakwòs (Gason ak Fi)
Foutbòl (Gason ak Fi)
Sòfbòl
Natasyon (Co-Ed)
Tenis (Gason ak Fi)
Atletis (Gason ak Fi)
Volebòl (Gason ak Fi)
Lit (Gason ak Fi)

Byenke se pa tout elèv lekòl segondè yo ofri pwogram nou site yo, pifò elèv yo kapab patisipe nan yon lòt distri lekòl segondè akondisyon yo ale nan yon lekòl segondè oryantasyon oswa espesyalize, oswa gen yon kalite akò kowoperatif NJSIAA a apwouve. Tanpri, pale ak Direktè Espòtif lekòl ou a pou konnen si gen nenpòt nan eksepsyon sa yo ki aplikab pou lekòl ou a.

**Kalifikasyon pou Atletis Entèskolè**

Tout elèv ki alèt yo, nan klas 9-12, dwe konnen règ kalifikasyon obligatwa Asosyasyon Atletik Ant Lekòl Eta New Jersey (New Jersey State Interscholastic Athletic Association, NJSIAA) pwopoze yo. Kopi tout règleman yo disponib nan biwo Direktè Espòtif la epi sou sit entènèt NJSIAA a (www.njsiaa.org).

Kalifikasyon akademik se yon pati entegre nan tout pwosesis kalifikasyon an, epi yon elèv ki atlèt dwe respekte prensip estanda NJSIAA etabli yo anvan yo apwouve kalifikasyon li. Règleman yo ekri nan gid NJSIAA a ki twouve li nan biwo espò a, epi Depatman Oryantasyon an dwe verifye li pou chak elèv ki atlèt nan chak sezon.

Anba a, ou ap jwenn kèk pwen prensipal ki gen rapò ak kalifikasyon akademik. Pou jwenn yon lis direktif konplè ki gen rapò ak kalifikasyon espòtif, tanpri, ale sou sit entènèt NJSIAA (www.njsiaa.org).

Pou kalifye pou 1$^{ye}$ semès (Trimès 1 epi Trimès 2) Yon elèv nan klas 10$^{yèm}$ ane oswa plis dwe akimile omwen 30 kredi nan ane eskolè ki vin anvan an, san wete travay ratrapaj li fè pandan sezon ete a (Note sa, nou deklare tout elèv nan klas 9$^{yèm}$ ane yo kalifye pou patisipe nan espò otòn epi ivè).

Pou kalifye pou 2$^{yèm}$ semès (Trimès 3 epi Trimès 4) Yon elèv 9$^{yèm}$ ane oswa plis dwe akimile omwen 15 kredi pandan premye semès la. Yon elèv yo deklare ki pa kalifye nan domèn akademik pou kòmanse espò nan sezon prentan an (pa rive jwenn minimòm 15 kredi ki nesesè yo pandan premye semès la) kapab rejwenn kalifikasyon li apati 1$^{ye}$ me si li gen omwen 22.5 kredi (ekivalan minimòm 30 kredi ki obligatwa pou ane a), nan moman sa a (NJSIAA te apwouve li an desanm 2011).

- Elèv la pa dwe atenn laj 19 lane anvan 1ye septanm.
- Elèv yo kapab patisipe nan aktivite espòtif yo sèlman pandan 8 semès konsekitif apre yo fin enskri nan nevyèm ane.
- Elèv ki vin pa kalifye akoz nòt semès yo kapab fini sezon espòtif ki ankou a.
- Epitou, elèv yo dwe respekte lòt egzijans akademik Gwoup Travay sou Pwen Match la etabli yo.

**Gwoup Travay sou Pwen Match**
Yo te kreye Gwoup Travay sou Pwen Match la yon fason pou etabli prensip ak yon sistèm responsabilite pou patisipasyon nan aktivite ko-kourikoulòm. Nan manm komite a gen tout pati enplike ki konsène yo: antrenè, elèv, paran, pwofesyonèl, ak reprezantan ansèyman siperyè yo.

Egzijans ki vin apre yo antre nan Kòd Dosye Politik 6145:

- Yon mwayèn pwen minimòm (GPA) ki se 2.0 pou semès ki vin anvan an obligatwa pou patisipe nan aktivite ko-kourikoulòm yo.
- Yo kapab fè elèv 10yèm ane ak plis ki pa rive fè nòt minimòm ki obligatwa a, akoz yon seri sikonstans, pase yon miz aleprèv inik.
- Yo kapab akòde elèv klas siperyè yo yon demann pou yon dezyèm renonsyasyon pwobasyon, akoz yon seri sikonstans. Y ap voye demann lan bay Komisyon Apèl Elijibilite distri a, ki ap pran yon desizyon.
- Elèv ki gen yon GPA ki pi piti pase 2.5 dwe resevwa yn sipò eskolè. Pa egzanp: leson patikilye, mantora, posibilite pou rejwenn kredi/nòt.
- Ekip yo dwe reyalize yon seri pwojè sèvis kominotè, epi yo dwe fikse objektif eskolè.
- Direktè Espòtif ak antrenè yo ap egzamine tout politik la pandan reyinyon pre-sezon an.

## Sant Edikasyon Leswa Newark (Newark Evening Educational Center)

### Misyon

Objektif Sant Edikasyon Leswa Newark se etabli yon kominote ki sekirize epi solidè, ki kiltive angajman sosyal, emosyonèl, ekonomik epi sivik, pou moun ki ap aprann poukont yo, nan yon anviwònman aprantisaj responsab, enpòtan epi ki solid.

### Vizyon

Sant Edikasyon Leswa Newark se yon anviwònman aprantisaj divèsifye kote elèv nan monn reyèl la angaje yo nan yon echanj ide ki ouvri pou demontre vrè potansyèl yo.

### Rezime Pwogram

Sant Edikasyon Leswa Newark (NEEC) la bay granmoun ki ap aprann yo yon opòtinite pou jwenn yon diplòm etid segondè yon fason pou yo atenn objektif yo nan kesyon edikasyon, karyè ak vi pèsonèl. Epitou, pwogram edikatif sa a pou granmoun yo prepare elèv yo pou evalyasyon Devlopman Edikasyon Jeneral (General Educational Development, GED). Granmoun ki ap aprann ki enskri nan pwogram nan gen posibilite amelyore konpetans yo nan kominikasyon Anglè grasa kou Anglè kòm Dezyèm Lang (ESL). Elèv ki bezwen kredi siplemantè anplis pwogram etid aktyèl yo pou yo jwenn yon diplòm etid segondè nan lekòl orijin yo anvan fen mwa jen ane eskolè ki ankou a, kapap enskri nan pwogram nan. Nan fen pwogram nan, diplome yo ap angaje yo nan devlope yon kourikoulòm vite ak yon pòtfèy pwofesyonèl, yo ap prepare yon plan antrepriz, etabli yon bidjè epi reyalize yon seri travay sentèz antanke yon pati entegral nan aprantisaj pandan 21yèm syèk la.

NEEC òganize enskripsyon nan sezon otòn ak prentan nan chak ane eskolè avèk yon kota enskripsyon anliy pou 270 elèv. Moun ki enskri yo dwe ap viv nan Newark, yo dwe kite lekòl yon fason ofisyèl, epi yo dwe gen 18 lane oswa plis.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri, ale sou sit entènèt la nan https://www.nps.k12.nj.us/neec/.

**RethinkEd**

RethinkEd se yon sèvis anliy ki fèt pou elèv yo, pou paran yo, anseyan ak pèsonèl sipò yo. Se yon seri ekspè nan domèn aprantisaj sosyo-emosyonèl (SEL) ki ekri li. Pwogram SEL RethinkEd la kouvri 5 konpetans: Pran konsyans de tèt pa nou ak lòt yo; Jere tèt pa nou; Konpetans Sosyal; Konsyans Sosyal; epi Swen Pèsonèl. Chak domèn nan kontni an mache avèk yon seri sijè ki koresponn, tankou respè, konsantrasyon ak rezoud konfli.

RethinkEd pwopoze resous gratis pou elèv, manm pèsonèl ak fanmi yo yon fason pou favorize byennèt sosyal ak emosyonèl. Pwogram nan bay yon seri estrateji ak zouti pou ede nan devlope konpetans ki itil pou jere emosyon tankou estrès ak enkyetid, pou etabli pi bon relasyon avèk anseyan yo, kamarad ak moun pwòch yo, epi pou pi byen reyisi nan domèn akademik ak pwofesyonèl pi devan nan lavi a. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sit entènèt Distri a:
https://www.nps.k12.nj.us/departments/studentlife/social-emotional-learning/

Elèv yo kapab:

- Fè yon Oto-Evalyasyon Sosyo Emosyonèl pou pi byen enfòme pwofesè, manm pèsonèl, ak administratè yo konsènan fòs ak bezwen yo,
- Gade yon seri Videyo Sosyo Emosyonèl ki gen rapò ak senk (5) Konpetans Kolaborativ SEL yo pou Akademik, Sosyal, ak Aprantisaj Emosyonèl (CASEL),
- Konplete aktivite Ekstansyon pou leson yo pa mwayen platfòm nan,
- Aprann diferan estrateji ak teknik pou ranfòse byennèt sosyal ak emosyonèl,
- Gen aksè nan RethinkEd pa mwayen pòtay elèv la epi konekte nan Clever.
    - Etap pa etap pou konekte nan Rethink: https://drive.google.com/file/d/1EEKch31_jvCC34_6N-YkzT8O0wxgGB5f/view
    - Fason pou konekte nan videyo Clever: https://drive.google.com/file/d/1RVZmvr2GvRm6COPPV824c4rTJGUfzHnm/view

**Pwogram Edikasyon Espesyal ak Ane Eskolè Pwolonje**

Konsèy Edikasyon Newark (NBOE) ap fè efò pou bay pi gwo kalite edikasyon an nan yon anviwònman ki mwens restriktif posib pou elèv ki bezwen yon edikasyon espesyal ak sèvis ki lye avèk li yo. Biwo Edikasyon Espesyal la (OSE) ofri yon kontinyòm sèvis konplè pou elèv, Ekip Etid Timoun nan (Child Study Team) te evalye yo. Yonfwa yo fin detèmine kalifikasyon an, yo ap devlope yon Plan Edikasyon Pèsonalize (IEP) ki bay detay sou bezwen byen presi yo ak estrateji pou reyisit eskolè ak/oswa devlopman sosyal/emosyonèl. Yo mete IEP a anplas avèk konsantman alekri paran/responsab legal la. Manm pèsonèl OSE yo ap fè efò pou reponn bezwen sosyal, emosyonèl ak edikatif elèv yo. Yo deziyen yon seri jesyonè dosye pou sèvi antanke pwen kontak ant elèv yo, fanmi yo ak lekòl la, epi pou kowòdone devlopman, suivi, ak evalyasyon efikasite IEP a. Epitou, yo ap kowòdone pwosesis egzamen ak re-evalyasyon chak ane a.

Nan Pwogram Edikasyon Espesyal Lekòl Segondè a gen Ansèyman Jeneral avèk amenajman ak modifikasyon, Twoub Oditif, Otis, Twoub Regilasyon Emosyonèl, Andikap Entelektyèl Lejè, Twoub Langaj/Aprantisaj Lejè/Modere, Twoub Langaj/Aprantisaj ki Grav, Plizyè Andikap, ansanm ak Resous. Resous nan klas se yon pwogram ki pèmèt yon elèv ki gen bezwen edikasyon espesyal aprann nan yon klas edikasyon jeneral avèk sipò yon pwofesè edikasyon espesyal ki ap travay nan kolaborasyon avèk pwofesè ki anseye matyè a pou devlope estrateji pou mete pwogram etid la sou pye yon fason ki efikas. Klas edikasyon espesyal ki poukont yo gen yon seri pwofesè edikasyon espesyal ki bay elèv ki bezwen sèvis edikasyon espesyal yo yon seri teknik, estrateji, ak modifikasyon. Yo bay elèv yo sèvis ki lye avèk sa an konfòmite avèk egzijans IEP yo a, jan ekip IEP chak elèv detèmine sa.

Planifikasyon ak sèvis tranzisyon yo antre nan pwogram edikasyon espesyal pou elèv ki gen laj 14 rive 21 lane yo. NBOE pran angajman pou devlope epi kenbe kolaborasyon avèk manm pèsonèl distri a ansanm ak ajans ekstèn yo pou gen asirans elèv yo gen posibilite pou yo patisipe nan sa ki vin apre a:

- Konplete epi gide konpreyansyon envantè enterè yo ansanm ak evalyasyon konpetans yo.
- Enstriksyon oto-defans (san wete enstriksyon sou planifikasyon ki santre sou moun nan), ki kapab antre nan mantora kamarad yo (san wete mantora kamarad pou moun ki gen andikap ki ap travay nan yon travay entegre ki konpetitif).
- Fòmasyon nan preparasyon travay pou devlope konpetans sosyal ak endepandans.
- Konsèy pou chèche travay.
- Yon seri eksperyans aprantisaj ki baze sou travay, ki kapab gen opòtinite nan lekòl oswa apre lekòl, oswa eksperyans andeyò kad eskolè tradisyonèl la (san wete estaj), yo bay nan yon anviwònman ki entegre anndan kominote a nan mezi sa posib.
- Posibilite pou enskri nan yon seri pwogram tranzisyon oswa edikasyon apre segondè ki konplè, nan etablisman ansèyman siperyè.

Ekip IEP a kreye plan tranzisyon pou chak elèv, sou baz bezwen endividyèl ak preferans pèsonèl endividyèl. Chak lekòl gen yon Ekip Etid Timoun (CST) ki asiyen pou soutni elèv ki resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki lye avèk li yo. Sit entènèt NBOE bay enfòmasyon sou kontak manm CST a: https://www.nps.k12.nj.us/departments/special-education/child-study-team/

Tanpri, kontakte CST ou a si w gen nenpòt kesyon konsènan pwogram oswa sèvis lekòl segondè yo. Epitou, ou kapab jwenn enfòmasyon pou kontakte administratè Biwo Edikasyon Espesyal la sou sit entènèt NBOE a: https://www.nps.k12.nj.us/departments/special-education/

**Ane Eskolè Pwolonje**
Pwogram High School Extended School Year (ESY) la fèt pou elèv ki gen bezwen espesyal yo, sitou elèv ki otis, ki gen plizyè andikap yo, epi ki gen andikap entèlektyèl yo. Elèv nan pwogram ESY a bezwen jwenn sèvis ki ale pi lwen pase ane eskolè tradisyonèl la, an konfòmite avèk Plan Edikasyon Pèsonalize a (IEP).

Klas: Klas 9-12 aktyèl
Dat: 5 jiyè -11 out (JFK ak NJRD)
Dat: 10 jiyè - 3 out 2023 (Science Park)
Lè: 8:30 a.m.- 12:30 p.m. (Note sa: Gen kèk pwogram espesyalize ki kapab gen yon kalandriye ki pi kout.
Y ap konfime orè yo pandan enskripsyon elèv la)
Y ap Sèvi Manje Maten ak Manje Midi? Wi

Lokal High School Extended School Year:

| Pwogram Edikasyon Espesyal | Klas | Lokal Lekòl Ete |
|---|---|---|
| Otis | 9-12 | John F. Kennedy et New Jersey Regional Day |
| Plizyè Andikap | 9-12 | John F. Kennedy et New Jersey Regional Day |
| Andikap Entèlektyèl-Lejè | 9-12 | Science Park |

**Enskripsyon:** Enskripsyon nan Ane Eskolè Pwolonje a disponib pa mwayen aplikasyon anliy la epi Biwo Edikasyon Espesyal la. Apre enskripsyon anliy lan, ou dwe fin fè enskripsyon an avèk Ekip Etid Timoun lan nan lekòl timoun ou an. Tanpri, kontakte Ekip Etid Timoun lan nan lekòl timoun ou an pou konn kijan w kapab enskri. Pwogram Ete Lekòl Segondè a fèt pou elèv Klas 9-12 yo.

## Pwogram Edikasyon Espesyal nan Lekòl Segondè

| Lekòl | Pwogram | Pwogram | Pwogram | Pwogram | Pwogram Tranzisyon |
|---|---|---|---|---|---|
| Istwa Amerikèn | Resous nan Klas | Otis Yr. 11, 12 | | | Laj 18-21 lane<br>Otis Post-grad Yr. 1, 2 |
| Travay Atistik | Resous nan Klas | | | | |
| Bard Early College | Resous nan Klas | | | | |
| Barringer | Resous nan Klas | Twoub Règleman Emosyonèl | Twoub Aprantisaj/Langaj Lejè/Modere | Twoub Aprantisaj/Langaj ki Grav | |
| Central | Resous nan Klas | Otis Yr. 9, 10, 11, 12 | Twoub Aprantisaj/Langaj Lejè/Modere | Twoub Aprantisaj/Langaj ki Grav | Laj 18-21 lane<br>Otis Post-grad Yr. 2, 3, 4 |
| Syans Done ak Enfòmasyon Teknoloji | Resous nan Klas | | | | |
| Eagle Academy | Resous nan Klas | Twoub Aprantisaj/Langaj Lejè/Modere | | | |
| East Side | Resous nan Klas | Twoub Aprantisaj/Langaj Lejè/Modere | Plizyè Andikap | | Laj 18-21 lane<br>Plizyè Andikap<br>Post-grad Yr. 1, 2 |
| Fashion & Design | Resous nan Klas | | | | |
| Etid Global | Resous nan Klas | | | | |
| John F. Kennedy | Otis | Plizyè Andikap | | | Laj 18-21 lane |
| Malcolm X Shabazz | Resous nan Klas | Twoub Règleman Emosyonèl | Twoub Aprantisaj/Langaj Lejè/Modere | | |
| Fòmasyon Pwofesyonèl Newark | Resous nan Klas | | | | |
| New Jersey Regional Day | Plizyè Andikap | | | | Laj 18-21 lane |
| Science Park | Resous nan Klas | | | | |
| Teknoloji | Resous nan Klas | Twoub Oditif | | | |
| Inivèsite | Resous nan Klas<br>Resous Pull-out, 12 | | | | |
| Weequahic | Resous nan Klas | Entèlektyèl Andikap-Lejè | Twoub Aprantisaj/Langaj Lejè/Modere | | Laj 18-21 lane |
| West Side | Resous nan Klas | Twoub Aprantisaj/Langaj Lejè/Modere | Twoub Aprantisaj/Langaj ki Grav | | |

# Egzijans pou Jwenn Diplòm



**Nivo Avanse (AP)**

Klas Nivo Avanse (AP) ak Onè yo diferan ak klas College Prep (CP) yo nan kesyon nivo egzijans yo fè elèv yo, anrapò ak kantite travay endepandan yo atann nan, ritm yo kouvri kontni yo, ansanm ak kantite epi pwofondè kontni yo rive kouvri a. Kidonk, elèv yo ak paran yo dwe konsidere atant sa yo, ansanm ak rekòmandasyon depatman an, epi yo dwe chèche ekilibre egzijans kou yo selon kapasite, enterè, ansanm ak tan ki konsakre pou lòt aktivite yo. Pandan elèv yo ap chwazi kou, yo dwe pale avèk paran, pwofesè epi konseye eskolè a pou jwenn sa ki pi bon pou yo a.

**Pozisyon nan Klas la**

Yo detèmine Pozisyon nan Klas Mitan Ane a, nan fen premye semès (Trimès 1 ak Trimès 2) chak ane eskolè. Pozisyon an baze sou mwayèn pwen jeneral yo rasanble (GPA) pou elèv la GPA yo rasanble a gen ladan li tout nòt final kou ki konte pou GPA ak GPA yo kalkile pou yon seri kou elèv la enskri ladan yo aktyèlman. Pou kalkile GPA pou kou elèv la enskri aktyèlman, men li poko fini yo, chak trimès gen yon valè 40 pousan, epi nòt mitan pakou a gen yon valè 20 pousan. Yo konsidere mwayèn yo jwenn nan kòm nòt final elèv la pou kou a. Yo estoke Pozisyon nan Klas Mitan Ane a yon fason pèmanan epi yo itilize li pou detèmine Valedictorian ak Salutatorian pou klas 12$^{yèm}$ ane a. Yon elèv ki enskri nan lekòl pou premye fwa nan klas 12$^{yèm}$ ane pa kalifye pou Valedictorian oswa Salutatorian.

Pozisyon nan klas la baze sèlman sou kou elèv la suiv yo, epi li parèt sou relve nòt ofisyèl Distri a. Tank li ap suiv kou yo epi yo ap anrejistre nòt yo, se tank klasman jeneral klas la kapab chanje.

**Sèvis kominotè**

Elèv yo gen obligasyon pou fini katreven (80) èdtan sèvis kominotè nan kad egzijans fen detid yo. Yo kapab fè katreven èdtan sa yo sou yon peryòd kat (4) lane epi yo dwe ekri yo yon kote grasa fèy sèvis kominotè yo. Èdtan sèvis kominotè yo kapab fèt yon fason endepandan oswa nan kad pwogram sèvis aprantisaj la ak/oswa pwogram yon sèvis lekòl la ap dirije. Yo sijere pou elèv yo fè ven (20) èdtan chak ane.

Anba a, w ap jwenn yon echantiyon konsènan aktivite ki lye ak lekòl la, ki ap pèmèt ou fè 20 èdtan yo:

| | | |
|---|---|---|
| +Responsab Klas | +Ekip Espò | +Ajan/Manm Konsèy Elèv |
| +Sosyete Onè | +Fanfa | +Medyasyon ant Kanmarad |

Lòt 60 èdtan ki rete yo kapab fèt nan kad patisipasyon nan yon kominote relijye, yon lopital, yon mezon retrèt, Boys Scouts, Girls Scouts ak lòt pwogram kominotè.

**Sekans Kou yo ak Apèsi sou Kou yo Ofri Aktyèlman yo (130 Kredi)**

Chak lekòl segondè pwopoze diferan sekans kou pou konplete egzijans debaz pou jwenn diplòm nan, epi yo bay elèv yo yon seri posibilite espesyal pou eksplore epi apwofondi enterè akademik yo. Sekans kou yo se yon seri gid pou pakou akademik yo ki pèmèt elèv yo atenn yon seri objektif akademik byen presi, epi yo pa dwe anglobe.

Pa egzanp, yon elèv kapab enterese nan pousuiv Mathématiques Honors and Career and Technical Education (CTE), men, li pa enterese nan pousuiv English Honors. Elèv yo dwe konsidere posiblite sekans kou yo ofri yo, epi yo dwe kreye yon pakou pèsonèl ki gen sans ki reponn ak egzijans pou yo jwenn diplòm nan, epi ki ofri posiblite pou yo pou suiv enterè yo.

| Peryòd | Klas 9yèm Ane [40 kredi] | Klas 10yèm Ane [80 kredi] | Klas 11yèm Ane [120 kredi] | Klas 12yèm Ane [160 kredi] |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Anglè I | Anglè II | Anglè III | Anglè IV |
| 2 | Aljèb I | Jewometri (+ Aljèb II) | Aljèb II (Pre-Kalkil) | Pre-Kalkil (Calculus) |
| | Jewometri (+ Aljèb II) | Aljèb II | Pre-Kalkil | Calculus |
| 3 | Lang Monn nan | Lang Monn nan II | Ochwa 5/CTE | Ochwa 8/CTE |
| 4 | Biyoloji w/Lab | Fizik w/Lab | Chimi w/Lab | Kou Syans 4 |
| 5 | PE/HE I | PE/HE II | PE/HE III | PE/HE IV |
| 6 | Istwa Mondyal | Istwa Etazini I | Istwa Etazini II | Literati Finansye/ SS Ochwa |
| 7 | Ochwa 1/CTE | Ochwa 3/CTE | Ochwa 6/CTE | Ochwa 9/CTE |
| 8 | Ochwa 2/CTE | Ochwa 4/CTE | Ochwa 7/CTE | Kou Travay Atistik Vizyèl/ Plastik |

**Demann Èd Federal Gratis pou Elèv/Demann Lòt Posibilite Èd Finansye NJ**

Apati Klas 2022 a (epi pi lwen toujou), chak elèv ki nan fen etid segondè nan Newark gen obligasyon, nan kad nouvo egzijans Distri a pou kesyon jwenn diplòm, pou ranpli Demann Èd Federal Gratis pou Elèv la oswa Demann Lòt Posibilite Èd Finansye NJ a.

Demann Èd Federal Gratis pou Elèv la (FAFSA) se yon opòtinite pou gen aksè nan resous ki nesesè pou anvizaje epi kòmanse etid apre segondè - kit se yon lekòl 2-lane, 4-lane, oswa yon lekòl teknik. Epitou, elèv ki abite New Jersey, men, ki pa ranpli kondisyon ki obligatwa pou FAFSA yo, kapab anvizaje Demann Lòt Posibilite Èd Finansye New Jersey (NJAFAA) a kòm yon opsyon. NJAFAA a pèmèt elèv yo resevwa yon èd finansye nan men Eta a pou soutni objektif inivèsite ak karyè yo apre etid segondè.

Si yon elèv pa ranpli kondisyon ki obligatwa pou FAFSA oswa Demann Lòt Posibilite Èd Finansye NJ a, paran/responsab legal elèv la dwe ranpli Fòm Egzanpsyon FAFSA/NJAFAA a epi soumèt li bay konseye eskolè elèv la anvan 1ye jen nan ane tèminal elèv la.

**Politik pou Nòt**

Distri a itilize twa (3) echèl nòt: Defo, Onè, epi AP. Echèl Onè a ofri yon seri valè pwen ki pi plis pase echèl Defo a, epi echèl AP a pi plis pase echèl Onè a. Yo itilize total pwen yon elèv fè pou tout kou li suiv yo pou kalkile mwayèn jeneral (GPA) elèv la. Akoz pi gwo valè pwen yo, elèv ki suiv kou Onè oswa AP yo ap gen yon pi gwo GPA pase elèv ki jwenn menm nòt yo nan yon kou jeneral nan echèl Defo a. Pwen ki koresponn ak yon D oswa F yo se menm pou tout echèl nòt yo. Nou endike pwen ki asosye avèk chak nòt yo nan tablo ki anba a.

| Echèl Nòt | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Non Klas la | Deskripsyon Klas la | Pwen pou Nòt | Pousantaj Limit | Valè Nimerik |
| A+ | A+ | 4.25 | 98 | 100 |
| A | A | 4.0 | 94 | 97 |
| A- | A- | 3.75 | 90 | 93 |
| B+ | B+ | 3.25 | 87 | 89 |
| B | B | 3.0 | 84 | 86 |
| B- | B- | 2.75 | 80 | 83 |
| C+ | C+ | 2.25 | 77 | 79 |
| C | C | 2.0 | 74 | 76 |
| C- | C- | 1.75 | 70 | 73 |
| D | D | 1.0 | 64 | 69 |
| F | F | 0 | 0 | 63 |
| I | Li pa Konplè | 0 | 0 | 0 |
| NC | Pa gen Kredi | 0 | 0 | 0 |
| P | Pase | 0 | 0 | 0 |
| W | Retrè | 0 | 0 | 0 |
| X | Eskize | 0 | 0 | 0 |

| Echèl Nòt Onè | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Non Klas la | Deskripsyon Klas la | Pwen pou Nòt | Pousantaj Limit | Valè Nimerik |
| A+ | A+ | 4.75 | 98 | 100 |
| A | A | 4.5 | 94 | 97 |
| A- | A- | 4.25 | 90 | 93 |
| B+ | B+ | 3.75 | 87 | 89 |
| B | B | 3.5 | 84 | 86 |
| B- | B- | 3.25 | 80 | 83 |
| C+ | C+ | 2.75 | 77 | 79 |
| C | C | 2.5 | 74 | 76 |
| C- | C- | 2.25 | 70 | 73 |
| D | D | 1 | 64 | 69 |
| F | F | 0 | 0 | 63 |
| I | Li pa Konplè | 0 | 0 | 0 |
| NC | Pa gen Kredi | 0 | 0 | 0 |
| P | Pase | 0 | 0 | 0 |
| W | Retrè | 0 | 0 | 0 |
| X | Eskize | 0 | 0 | 0 |

| Echèl Nòt AP | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Non Klas la | Deskripsyon Klas la | Pwen pou Nòt | Pousantaj Limit | Valè Nimerik |
| A+ | A+ | 5.25 | 98 | 100 |
| A | A | 5 | 94 | 97 |
| A- | A- | 4.75 | 90 | 93 |
| B+ | B+ | 4.25 | 87 | 89 |
| B | B | 4 | 84 | 86 |
| B- | B- | 3.75 | 80 | 83 |
| C+ | C+ | 3.25 | 77 | 79 |
| C | C | 3 | 74 | 76 |
| C- | C- | 2.75 | 70 | 73 |
| D | D | 1 | 64 | 69 |
| F | F | 0 | 0 | 63 |
| I | Li pa Konplè | 0 | 0 | 0 |
| NC | Pa gen Kredi | 0 | 0 | 0 |
| P | Pase | 0 | 0 | 0 |
| W | Retrè | 0 | 0 | 0 |
| X | Eskize | 0 | 0 | 0 |

Tout elèv ki enskri nan yon Klas AP dwe pase Egzamen AP a.

**Peryòd Nòt, Bilten Nòt, ak Rapò sou Pwogrè**
Ane eskolè a divize an de (2) semès, yo chak gen de (2) trimès. Yo remèt chak elèv yon rapò pou pwogrè, ki rezime pèfòmans elèv la rive nan moman an, ozanviwon nan mitan chak trimès. Nan fen chak trimès, yo rasanble epi estoke nòt ki nan kanè chak pwofesè yo yon fason pèmanan nan PowerSchool antanke nòt elèv la pou chak trimès. Epitou, ap gen yon egzamen entèmedyè epi final pou chak kou. Yo kalkile valè nimerik nòt pou trimès la ak nòt egzamen yo pou detèmine nòt final elèv la pou kou a. Yo itilize nòt final la pou detèmine pwen GPA a ansanm ak kredi elèv la jwenn pou kou a.

| Ane Sesyon an | |
|---|---|
| Sikl Klas la | Pousantaj Nòt Final la |
| Trimès 1 | 20 |
| Trimès 2 | 20 |
| Egzamen Mitan Ane | 10 |
| Trimès 3 | 20 |
| Trimès 4 | 20 |
| Egzamen Final | 10 |

| Semès Sesyon an | |
|---|---|
| Sikl Klas la | Pousantaj Nòt Final la |
| Sikl 1 | 40 |
| Egzamen Mitan Ane | 10 |
| Sikl 2 | 40 |
| Egzamen Final | 10 |

**Politik Ekite ak Aksè Pre-AP**
Tout elèv yo merite pou suiv kou ki entèresan, enpòtan, epi estimilan nan nivo ane eskolè a. Aksè nan kalite kou sa a ogmante posibilite pou tout elèv yo, san wete gwoup tradisyonèlman ki mal reprezante nan klas AP ak inivèsite yo. Pre-AP se yon pwogram nivo eskolè, an jeneral, yo anseye nan 9$^{yèm}$ ak 10$^{yèm}$ ane. Yo òganize kou Pre-AP yo anvan kou Ap yo, epi yo bay elèv yo kontni, konpetans ak pratik ki nesesè pou yo reyisi nan kou Plasman Avanse yo (Advanced Placement. Kou ofisyèl Pre-AP yo **dwe gen aksè lib**, sa vle di elèv nan kèlkeswa nivo aprantisaj la dwe kapab suiv yo. Se sèlman grasa yon angajman soutni an favè yon preparasyon, aksè, ak sipò ekitab, tout elèv yo kapab rive atenn yon veritab ekselans, epi deziyasyon kou Pre-Ap yo egzije angajman sa a. Yo pwopoze de (2) kou PRE-AP pou klas 9$^{yèm}$ ane epi youn (1) pou klas 10$^{yèm}$ ane nan Newark School of Global Studies High School **sèlman**.

**Kontni Sible**
Kou Pre-AP yo konsantre sou yon kantite konsèp ak konpetans limite, ki pi enpòtan lontan pou kou lekòl segondè yo epi pou reyisi nan inivèsite ansanm ak karyè. Kad kou a sèvi kòm baz pou kou yo, epi li defini konsèp ak konpetans priyoritè sa yo. Leson modèl ak evalyasyon kou Pre-AP yo baze dirèkteman sou kad ki sible a. Konsepsyon kou a bay elèv ak pwofesè yo otorizasyon entansyonèl pou yo ralanti epi konsantre yo.

**<u>Lis Kritè Prensipal: Klas 3 a 12</u>**
Elèv ki sou Lis Direktè a respekte prensip akademik ki pi wo nan distri a nan twa (3) kategori diferan: Sipè Tablo Onè, Tablo Onè, ak Mansyon Onorab.

<u>Sipè Tablo Onè</u>
Elèv ki fè yon nòt “A” nan tout matyè yo epi ki atenn oswa depase atant nivo eskolè nan kesyon Konpetans pou Lavi ak Karyè nan 21yèm Syèk la ap jwenn Sipè Tablo Onè.

<u>Tablo Onè</u>
Elèv ki fè yon nòt “A” oswa “B” nan tout matyè yo epi ki atenn oswa depase atant nivo eskolè nan kesyon Konpetans pou Lavi ak Karyè nan 21yèm Syèk la ap jwenn Tablo Onè.

<u>Mansyon Onorab</u>
Elèv ki fè yon nòt “A” oswa “B” epi sèlman yon “C” nan tout matyè yo epi ki atenn oswa depase atant nivo eskolè nan kesyon Konpetans pou Lavi ak Karyè nan 21yèm Syèk la ap jwenn Mansyon Onorab.

**<u>Gid pou Pwogram yo</u>**
Yo atann pou tout elèv lekòl segondè yo suiv yon sekans predetèmine nan kou klas 9yèm rive 12yèm ane. Tout elèv yo ap enskri nan kou debaz ki presize nan tablo ki vin apre a. Elèv yo ap enskri nan yon seri kou ochwa pou eksplore sant enterè epi pou respekte egzijans distri a nan kesyon jwenn diplòm. Elèv yo jwenn ankourajman pou planifye yon sekans kou ochwa ki ap pèmèt yo byen devlope sant enterè yo toutpandan yo ap fè pwogrè nan karyè eskolè yo.

## Kou Debaz Obligatwa Grasa Nivo Eskolè

| Klas 9yèm Ane | Klas 10yèm Ane | Klas 11yèm Ane | Klas 12yèm Ane |
|---|---|---|---|
| Anglè I<br>• Onè<br>• Pre-AP (NSGS **SÈLMAN**)<br>• Akademik | Anglè II<br>• Onè<br>• Pre-AP (NSGS **SÈLMAN**)<br>• Akademik | Anglè III<br>• Onè<br>• Langaj ak Konpozisyon AP<br>• Akademik | Anglè IV<br>• Onè<br>• Literati ak Konpozisyon AP<br>• Akademik |
| Aljèb I (Jewometri)<br>• Onè<br>• Akademik | Jewometri (Aljèb II)<br>• Onè<br>• Akademik | Aljèb II (Pre-Kalkil)<br>• Onè<br>• Pre-Kalkil AP<br>• Akademik | Pre-Kalkil (Calculus)<br>• Onè<br>• Pre-Kalkil AP<br>• AP Calculus AB<br>• Akademik |
| Biyoloji w/Lab<br>• Onè<br>• Akademik | Fizik w/Lab<br>• Onè<br>• AP Fizik I<br>• Akademik | Chimi w/Lab<br>• Onè<br>• Akademik | Kou Syans 4<br>• Syans Anviwònmantal<br>• Syans Latè<br>• Syans Mediko Legal |
| Istwa Mondyal<br>• Onè<br>• Pre-AP Istwa Mondyal Pakou 2 (NSGS **SÈLMAN**)<br>• Akademik | Istwa Etazini I<br>• Onè<br>• Akademik | Istwa Etazini II<br>• Onè<br>• Istwa Amerikèn AP<br>• Istwa Ameriken Nwa AP<br>• Akademik | • Literati Finansye/SS Ochwa<br>• Istwa Ameriken Nwa AP |
| Lang Monn nan I<br>• Arab<br>• Fransè<br>• Laten<br>• Chinwa Mandaren<br>• Pòtigè<br>• Espanyòl | Lang Monn nan II<br>• Arab<br>• Fransè<br>• Laten<br>• Chinwa Mandaren<br>• Pòtigè<br>• Espanyòl | | |
| Edikasyon Fizik I ak Sante I<br>• Devlòpman ak Kwasans Sante Emosyonèl, Pèsonèl | Edikasyon Fizik II ak Sante II<br>• Sèvis ak Sipò Sante Kominotè epi Edikasyon Chofè | Edikasyon Fizik III ak Sante III<br>• Nitrisyon, Fòm Fizik, Sante Emosyonèl, Sante epi Premye Swen | Edikasyon Fizik IV ak Sante IV<br>• Egzamine enpak desizyon ak konpòtman sa a kapab genyen sou byennèt pou tout lavi |
| Kou Travay Atistik Vizyèl/Plastik<br>• Aktivite Atistik<br>• Koral<br>• Dans<br>• Teknoloji Mizikal<br>• Fanfa | Kou Travay Atistik Vizyèl/Plastik<br>• Aktivite Atistik<br>• Koral<br>• Dans<br>• Teknoloji Mizikal<br>• Fanfa | Kou Travay Atistik Vizyèl/Plastik<br>• Aktivite Atistik<br>• Koral<br>• Dans<br>• Teknoloji Mizikal<br>• Fanfa | Kou Travay Atistik Vizyèl/Plastik<br>• Aktivite Atistik<br>• Koral<br>• Dans<br>• Teknoloji Mizikal<br>• Fanfa |

**<u>Egzijans pou jwenn Diplòm Eta/Distri (Antre an vigè avèk Klas 2022 a)</u>**
Pou akimile 130 kredi ki obligatwa pou jwenn yon diplòm etid segondè, elèv yo dwe suiv kou ki vin apre yo avèk siksè, an konfòmite avèk egzijans Depatman Edikasyon Eta New Jersey ansanm ak Konsèy Edikasyon Newark lan.

| Domèn Kontni | Kou | Ane | Kredi |
|---|---|---|---|
| Alfabetizasyon Literati Lang | Anglè I, II, III, IV | 4 lane | 20 kredi |
| Matematik | Matematik | 4 lane | 20 kredi |
| Syans | Syans | 4 lane | 20 kredi |
| Etid Sosyal | Istwa Mondyal | 1 lane | 5 kredi |
| | Istwa Etazini I, II | 2 lane | 10 kredi |
| | Literati Finansye | ½ ane | 2.5 kredi |
| | Kou Semès Ochwa | ½ ane | 2.5 kredi |
| Langaj Monn nan | Lang Monn nan I, II | 2 lane | 10 kredi |
| Travay Atistik Vizyèl ak Espektak | Travay Atistik Vizyèl ak Espektak | 1 lane | 5 kredi |
| Edikasyon Sante, Sekirite ak Fizik | Edikasyon Fizik/Sante I, II, III, IV | 4 lane | 20 kredi |
| Vi ak Karyè nan $21^{\text{yèm}}$ Syèk, oswa Fòmasyon Pwofesyonèl-Teknik | Kou Fòmasyon Pwofesyonèl-Teknik | 1 lane | 5 kredi |
| Ochwa | Ochwa | 2 lane | 10 kredi |
| **Total Kredi** | | | **130 kredi minimòm** |
| **<u>Egzijans Adisyonèl</u>:**<br>**A. Memwa Fen Detid**<br>**B. Demontrasyon metriz pandan Evalyasyon Eta a**<br>**C. 80 èdtan Sèvis Kominotè**<br>**D. FAFSA/NJAFAA** | | | |

***Pou kalifye pou estati sophomore ($10^{\text{yèm}}$ ane), elèv yo dwe gen 32.5 kredi.***
***Pou kalifye pou estati jinyò ($11^{\text{yèm}}$ ane), elèv yo dwe gen 65 kredi.***
***Pou kalifye pou estati senyò ($12^{\text{yèm}}$ ane), elèv yo dwe gen 97.5 kredi.***

**Tès - Evalyasyon Eta a**
Pou resevwa yon diplòm etid segondè, tout elèv yo dwe pase evalyasyon Eta a ki obligatwa nan Anglè ak Matematik.

[*Se Board of Education Eta New Jersey a ki te adopte egzijans ki nan seksyon sa a nan dat 8 septanm 2021 pou* ***Klas 2023–2025*** *yo*].

Lang ak Literati nan Lang Anglè ak Alfabetizasyon (ELA)
Si, apre elèv yo fin pase Evalyasyon Konpetans pou Gradye New Jersey (New Jersey Graduation Proficiency Assessment, NJGPA) nan klas 11yèm ane, yo pa demontre konpetans lè yo reyisi nan konpozan ELA yo, elèv sa yo kapab gen aksè nan pakou ki vin apre yo:

- Dezyèm Pakou: Lè yo atenn nòt limit ki deziyen an pandan yon tès konpetans ranplasan, tankou lòt evalyasyon NJSLA nan nivo lekòl segondè yo, SAT, ACT oswa ACCUPLACER; oswa
- Twazyèm Pakou: Lè yo soumèt, pa mwayen distri a, yon dosye apèl pou elèv la nan Depatman Edikasyon New Jersey a.

Matematik
Si, apre elèv yo fin pase Evalyasyon Konpetans pou Gradye New Jersey (NJGPA) ki obligatwa a nan klas 11yèm ane, yo pa demontre konpetans lè yo reyisi nan konpozan matematik yo, elèv sa yo kapab gen aksè nan pakou ki vin apre yo:

- Dezyèm Pakou: Lè yo atenn nòt limit ki deziyen an pandan yon tès konpetans ranplasan, tankou lòt evalyasyon NJSLA nan nivo lekòl segondè yo, SAT, ACT oswa ACCUPLACER; oswa
- Twazyèm Pakou: Lè yo soumèt, pa mwayen distri a, yon dosye apèl pou elèv la nan Depatman Edikasyon New Jersey a.

Enfòmasyon sou Tès pou Elèv ki gen Andikap yo
Sou baz Lwa pou Edikasyon Moun ki gen Andikap yo (Individuals with Disability Education Act, IDEA), tout elèv andikape yo dwe patisipe nan tout evalyasyon jeneral Eta a ak distri a.

- Pwogram Edikasyon Pèsonalize (IEP) pou elèv ki gen andikap yo ap presize si elèv la dwe atenn nòt reyisit nan evalyasyon Eta a, oswa si li dwe demontre konpetans li pa mwayen yon lòt pakou posib.
- Elèv ki gen Andikap kote IEP yo presize yon lòt fason pou demontre konpetans yo, ap kontinye suiv egzijans evalyasyon pou jwenn diplòm ki ekri nan IEP yo a.
- Se responsabilite ekip IEP elèv la pou gen asirans yo mete IEP a anplas jan yo te redije li a, san wete konpozan ki gen rapò ak egzijans evalyasyon pou jwenn diplòm Eta a.

# Inisyativ pou Preparasyon sot nan Lekòl ale nan Karyè














**Pwogram Enskripsyon Doub**

Preparasyon Etid Siperyè ak Karyè rete yon pwen enpòtan nan edikasyon segondè ak apre segondè. Patisipasyon nan yon pwogram doub enskripsyon pèmèt elèv lekòl segondè yo gen opòtinite pou suiv kou inivèsite pandan yo enskri nan lekòl segondè. Si yo reyisi, elèv yo ap jwenn ni kredi lekòl segondè ni kredi inivèsite alafwa. Epitou, patisipasyon nan yon pwogram doub enskripsyon pèmèt tranzisyon ant lekòl segondè ak inivèsite a fèt pi fasil, etandone yo ekspoze byen bonè nan kou inivèsitè. Pwofesè inivèsite yo anseye klas doub enskripsyon, kote konsepsyon an varye selon kou yo fè nan lekòl segondè, sou kanpis inivèsite yo, yon fason ibrid, oswa vityèl sou yon (1) semès oswa sou de (2) semès.

Tablo ki anba a prezante pwogram doub enskripsyon yo ofri nan rezo lekòl segondè a pou ane eskolè 2023-24 la. Pwogram doub enskripsyon yo aksesib pou tout elèv lekòl segondè yo, epi yo kreye yon espas tranzisyon pou kòmanse travay fòmasyon inivèsitè yo avèk sipò lekòl segondè epi inivèsite a. Doub enskripsyon an se yon mekanis akselere yo kapab eksplwate pou ede elèv yo reyalize potansyèl yo pandan yo ap kontinye etid apre segondè yo. Nou ankouraje elèv ki vle enskri nan yon pwogram pou pran kontak avèk yon administratè epi/oswa yon konseye eskolè. Pandan ane akademik 2021-22 a, elèv ki te patisipe nan pwogram doub enskripsyon yo te pèmèt fanmi yo ekonomize $12,746,070.

**Pwogram Doub Enskripsyon pou Ane Eskolè 2023-2024**

| Patnè Enstitisyonèl | Lise |
|---|---|
| **Essex County College** | Travay Atistik<br>Barringer<br>Central<br>Eagle Academy<br>East Side<br>Newark Evening<br>Science Park<br>Teknoloji<br>Invèsite<br>Weequahic<br>West Side |
| **Bard College** | Bard Early College |
| **Fairleigh Dickinson University** | Fòmasyon Pwofesyonèl Newark |
| **Howard University** | Central<br>Invèsite |
| **Hudson County Community College** | Fòmasyon Pwofesyonèl Newark |
| **Kean University** | Istwa Amerikèn<br>Newark School of Global Studies<br>Fòmasyon Pwofesyonèl Newark |

| Patnè Enstitisyonèl | Lise |
|---|---|
| **Montclair State University** | East Side<br>Inivèsite |
| **National Equity Lab** | Travay Atistik<br>Newark School of Data Science & Information Technology<br>University |
| **New Jersey Institute of Technology** | Istwa Amerikèn<br>Travay Atistik<br>Barringer<br>Central<br>Eagle<br>East Side<br>Malcolm X Shabazz<br>Science Park<br>Teknoloji<br>Weequahic<br>West Side |
| **Rutgers University** | Istwa Amerikèn<br>Barringer<br>Central<br>Eagle Academy<br>East Side<br>Malcolm X Shabazz<br>Science Park<br>Teknoloji<br>Weequahic<br>West Side |
| **Seton Hall University** | Newark School of Global Studies |

**<u>Sekans Aktivite Akademik Jeneral</u>**

Yon sipèvizè ap jere, nan nivo eskolè a, enskripsyon nan Akademi an, ki kòmanse nan klas nevyèm ane avèk patisipasyon nan yon seri aktivite ki lye avèk karyè: oratè envite, eksplore responsabilite travay, epi reyalize envantè enterè pou pakou karyè. Kou ak aktivite ki konekte ak Akademi yo fèt pou respekte prensip endistri yo epi pou ede elèv yo suiv yon edikasyon apre segondè oswa nan tranzisyon pou travay. Tout elèv yo gen obligasyon pou suiv kou yo rekòmande yo yon fason pou respekte tout egzijans Eta a ak Distri a pou kesyon jwenn diplòm.

**Aktivite ak Eksperyans Tipik Akademi an**

Klas 9yèm Ane

- Enskripsyon nan Akademi
- Aprantisaj nan Espas Travay: vizit sou teren, salon travay, ak obsève pòs travay
- Envantè enterè pwofesyonèl
- Devlopman konpetans pwofesyonèl, konpetans ki pa teknik, ak konpetans nan kesyon lidèchip
- Konsèy nan domèn akademik ak karyè
- Reyinyon oryantasyon Akademi Karyè pou paran yo

Klas 10yèm Ane

- Enskripsyon nan Akademi
- Patisipasyon/konpetisyon nan Òganizasyon Elèv nan Karyè epi Teknik (CTSO)
- Aprantisaj nan Espas Travay: obsève pòs travay, simile yon eksperyans nan espas travay la, antrepriz eskolè, vizit sou teren, ak salon travay
- Devlopman konpetans pwofesyonèl, konpetans ki pa teknik, ak konpetans nan kesyon lidèchip
- Konsèy ki ap kontinye epi devlopman dosye
- Patisipasyon nan pwogram anrechisman eskolè apre lekòl, lè samdi, ak nan sezon ete

Klas 11yèm Ane

- Kontinye Kou Akademi
- Patisipasyon/konpetisyon nan Òganizasyon Elèv nan Karyè epi Teknik (CTSO)
- Aprantisaj nan Espas Travay: estaj, benevola, sèvis kominotè, sèvis aprantisaj, simile yon eksperyans nan espas travay la, antrepriz eskolè, vizit sou teren, ak salon travay
- Devlopman konpetans pwofesyonèl, konpetans ki pa teknik, ak konpetans nan kesyon lidèchip
- Konsèy ki ap kontinye epi devlopman dosye
- Patisipasyon/enskripsyon nan aktivite tranzisyon pou inivèsite

Klas 12yèm Ane

- Enskripsyon nan Kou 3 Akademi an ak/oswa enskripsyon nan kou inivèsitè (pa obligatwa)
- Patisipasyon/konpetisyon nan Òganizasyon Elèv nan Karyè epi Teknik (CTSO)
- Aprantisaj nan Espas Travay: estaj, benevola, sèvis kominotè, sèvis aprantisaj, simile yon eksperyans nan espas travay la, antrepriz eskolè, vizit sou teren, ak salon travay
- Devlopman konpetans pwofesyonèl, konpetans ki pa teknik, ak konpetans nan kesyon lidèchip
- Konsèy ki ap kontinye nan kesyon karyè ak lekòl siperyè/inivèsite
- Ranpli demann enskripsyon nan lekòl siperyè/inivèsite ak seminè sou èd finansye
- Evalyasyon dosyo ak apwobasyon distri
- Èd pou plasman pwofesyonèl
- Entèvyou pou soti

**Lyen Ipètèks pou Sèvis Oryantasyon ak Nimewo Telefòn Biwo yo**

| | |
|---|---|
| Istwa Amerikèn<br>973-733-6903 | Etid Global<br>973-268-5160 |
| Travay Atistik<br>973-733-7391 | Malcolm X Shabazz<br>973-733-6760 |
| Bard Early College<br>973-733-8363 | Newark Evening<br>973-733-6162 |
| Barringer<br>973-268-5125 | Fòmasyon Pwofesyonèl Newark<br>973-733-6992 |
| Central<br>973-733-6897 | Pak Lasyans<br>973-733-8689 |
| Syans Done ak Enfòmasyon Teknoloji<br>973-350-5088 | Teknoloji<br>973-481-5962 |
| Eagle Academy<br>973-705-3847 | Inivèsite<br>973-351-2010 |
| East Side<br>973-465-4900 | Weequahic<br>973-705-3903 |
| Fashion & Design<br>973-268-5111 | West Side<br>973-733-6977 |

**Kalandriye Planifikasyon Lekòl Segondè pou Elèv yo**
Kalandriye sa a sèvi kòm yon gid pou elèv yo ak fanmi yo pou ede elèv yo rete sou bon chemen pou yo jwenn diplòm yo.

Elèv Premye Ane

- Egzamine relve nòt ou yo, sitou nan mwa septanm ak me.
- Pran yon randevou avèk konseye eskolè w la si w manke kredi oswa si w mal plase nan yon kou.
- Kenbe yon bon prezans epi kontinye fè bon nòt.
- Asire w ou fini tout pwojè ak/oswa devwa w yo.
- Rankontre avèk konseye eskolè w la pou jwenn konsèy sou karyè, inivèsite oswa bousdetid.

Elèv Dezyèm Ane

- Egzamine relve nòt ou yo, sitou nan mwa septanm ak me.
- Pran yon randevou avèk konseye eskolè w la si w manke kredi oswa si w mal plase nan yon kou.
- Kenbe yon bon prezans epi kontinye fè bon nòt.
- Asire w ou fini tout pwojè ak/oswa devwa w yo.
- Enskri pou fè PSAT a.
- Rankontre avèk konseye eskolè w la pou jwenn konsèy sou karyè, inivèsite oswa bousdetid.

Premye Ane

- Egzamine relve nòt ou yo, sitou nan mwa septanm ak me.
- Pran yon randevou avèk konseye eskolè w la si w manke kredi oswa si w mal plase nan yon kou.
- Kenbe yon bon prezans epi kontinye fè bon nòt.
- Asire w ou fini tout pwojè ak/oswa devwa w yo.
- Enskri pou fè PSAT/NMSQT a.
- Enskri pou fè SAT/ACT a.
- Rankontre avèk konseye eskolè w la pou jwenn konsèy sou karyè, inivèsite oswa bousdetid.
- Pran yon randevou pou jwenn lèt rekòmandasyon nan men youn (1) oswa plizyè pwofesè epi konseye eskolè w la pou inivèsite ak/oswa travay. Bay chak pwofesè epi/oswa konseye eskolè w la yon apèsi sou dosye eskolè w la ansanm ak aktivite ki pa nan kourikoulòm nan. Pou chak rekòmandasyon, bay yon anvlòp ki gen tenb epi ki adrese, ansanm ak nenpòt fòm ki obligatwa pou inivèsite. Asire w ou di yo mèsi.
- Prepare CV ou epi fè pratik nan teknik entèvyou yo. Mande yon pwofesè, yon konseye eskolè, oswa yon manm fanmi w ede w. Asire w ou mande yon granmoun responsab pou reli CV ou a pou verifye gramè, òtograf, fot, epi/oswa erè fòma anvan w soumèt li bay kèlkeswa moun nan.
- Pale konsènan plan w yo avèk fanmi w. Fè yo konn ki atant ou genyen epi mande yo pou “koute” w. Pale bouch a bouch se yon mwayen efikas pou jwenn yon travay.

Dènye Ane

- Egzamine relve nòt ou yo, sitou nan mwa septanm ak me.
- Pran yon randevou avèk konseye eskolè w la si w manke kredi oswa si w mal plase nan yon klas.
- Kenbe yon bon prezans epi kontinye fè bon nòt.
- Asire w ou fini tout pwojè ak/oswa devwa w yo.
- Enskri pou fè SAT/ACT a.
- Rankontre avèk konseye eskolè w la pou jwenn konsèy sou karyè, inivèsite oswa bousdetid.
- Pran yon randevou pou jwenn lèt rekòmandasyon nan men youn (1) oswa plizyè pwofesè epi konseye eskolè w la pou inivèsite ak/oswa travay. Bay chak pwofesè epi/oswa konseye eskolè w la yon apèsi sou dosye eskolè w la ansanm ak aktivite ki pa nan kourikoulòm nan. Pou chak rekòmandasyon, bay yon anvlòp ki gen tenb epi ki adrese, ansanm ak nenpòt fòm ki obligatwa pou inivèsite. Asire w ou di yo mèsi.
- Prepare deklarasyon pèsonèl ou ansanm ak disètasyon inivèsitè byen presi a selon demann inivèsite a anvan mwa novanm. Si w planifye pou fè yon demann admisyon antisipe oswa pran yon desizyon antisipe, ou dwe fini disètasyon w lan pou pita kòmansman oktòb.
- Si w planifye pou ale nan yon enstitisyon apre segondè (ansèyman siperyè/inivèsite/lekòl teknik oswa komès), ranpli Demann Èd Federal Gratis pou Elèv yo nan mwa oktòb, oswa pi vit posib apre dat sa a.
- Prepare CV ou epi fè pratik nan teknik entèvyou yo. Mande yon pwofesè, yon konseye eskolè, oswa yon manm fanmi w ede w. Asire w ou mande yon granmoun responsab pou reli CV ou a pou verifye gramè, òtograf, fot, epi/oswa erè fòma anvan w soumèt li bay kèlkeswa moun nan.
- Si w planifye pou antre nan monn travay la dirèkteman apre w fin resevwa diplòm ou, kòmanse postile byen bonè, lè w bay tèt ou ase tan pou chèche yon travay ki apwopriye. Fè devwa lakay ou lè w chèche antrepriz sou LinkedIn, Glassdoor, Snagajob, Chegg, Indeed, ZipRecruiter, Simply Hired, AngelList, LinkUp, BlackJobs.com ak Monster. Asire w ou pwoteje enfòmasyon pèsonèl ou yo, epi pa peye anyen pou okenn plasman travay.
- Pale konsènan plan w yo avèk fanmi w. Fè yo konn ki atant ou genyen epi mande yo pou "koute" w. Pale bouch a bouch se yon mwayen efikas pou jwenn yon travay.
- Fè atansyon avèk tout dat limit yo: admisyon nan inivèsite, bousdetid, ak demann travay yo. Yonfwa w fin ranpli demann admisyon nan inivèsite yo epi w voye yo ale, kontakte inivèsite w gen entansyon ale a pou asire w yo byen resevwa tout dokiman ki nesesè yo. Kenbe yon kalandriye ak/oswa yon ajanda pou fè suivi a.

**Patenarya/Resous Anvan Inivèsite**

| | |
|---|---|
| ALI Abbott Leadership Institute | **Sant pou Pwogram Anvan Inivèsite, Abbott Leadership Institute**<br>Pwogram apre inivèsite Abbott Leadership Institute yo ofri yon seri aktivite ki chita sou devlopman lidèchip lakay jèn yo epi sou preparasyon pou antre nan inivèsite ak karyè.<br><br>Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Jennifer Made nan jennifer.aii@rutgers.edu.<br>**Klas yo Sèvi:** $6^{\text{yèm}}$-$12^{\text{yèm}}$ |
| audible | **Audible Future Leaders**<br>Patenarya avèk Audible Future Leaders pèmèt elèv lekòl segondè Newark yo vin gen opòtinite pou fè estaj depi nan kòmansman klas $11^{\text{yèm}}$ ane. Elèv yo gen opòtinite pou chèche fè estaj nan domèn biznis ansanm ak teknoloji. Grasa patenarya sa a, Audible pran angajman pou soutni elèv ki enskri nan chèche travay yo pandan tout pakou inivèsitè yo, lè li prepare yo pou jwenn opòtinite pou fè karyè.<br><br>**Klas yo Sèvi:** $9^{\text{yèm}}$-$12^{\text{yèm}}$ |
| BARD High School • Early College | **Bard High School Early College**<br>Bard Early College/Summer Institute - Posibilite enskripsyon doub pou tout lekòl polivalan yo. Elèv yo gen posibilite suiv kou inivèsite.<br><br>**Klas yo Sèvi:** $9^{\text{yèm}}$-$12^{\text{yèm}}$ |
| | **Sant pou Pwogram Anvan Inivèsite, Rutgers University**<br>Sant pou Pwogram Anvan Inivèsite a ede elèv nan klas 9-12 ane nan West Side High School yo defini epi kiltive yon kilti inivèsitè. Nan aktivite yo gen sòti eskolè, vizit inivèsite, ak salon sou opòtinite travay. Epitou, sant lan pwopoze yon èd pou demann enskripsyon nan inivèsite yo, yon èd FAFSA/HESAA, pou bousdetid, similasyon entèvyou ak bati yon CV.<br><br>Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Rohesia Hicks nan rhicks@newark.rutgers.edu.<br>**Klas yo Sèvi:** $9^{\text{yèm}}$-$12^{\text{yèm}}$ |
| Cooperman College Scholars<br>We Want To Invest In You. You're Worth It. | **Cooperman College Scholars**<br>Cooperman College Scholars se yon pwogram ki ap soutni elèv nan Konte Essex, New Jersey, ki gen talan nan domèn akademik, ki motive anpil, epi ki gen bezwen finansye, nan efò yo ap fè pou jwenn yon diplòm inivèsitè kat (4) lane. Pwogram nan pwopoze yon Akademi Sezon Lete sou twa (3) semèn, yon bousdetid pou ale nan inivèsite, ak yon mantora epi lòt resous pou pèmèt tranzisyon nan inivèsite a fèt pi fasil, epi pou soutni reyisit chak moun ki gen Bousdetid.<br><br>Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Bendjhi Villiers nan bendjhi.villiers@coopermanscholars.org.<br>**Klas yo Sèvi:** $11^{\text{yèm}}$ |

| | |
|---|---|
| | **High School Academic Support Program**<br>H.S.A.S.P. se yon pwogram konplè pou preparasyon nan SAT, ki ofri yon sipò nan matematik/alfabetizasyon, yon èd pou jwenn bousdetid ak èd finansye, leson patikilye pou redije disètasyon ak deklarasyon pèsonèl, vizit nan fwa (fairs) inivèsitè ak vizit inivèsite, enfòmasyon sou karyè apre etid segondè, ak yon sipò pou reyisit eskolè nan lekòl segondè epi pi lwen. Nan lòt aktivite yo gen preparasyon pou inivèsite, preparasyon pou SAT, redije yon disètasyon oswa yon deklarasyon pèsonèl, opòtinite sèvis kominotè, bousdetid, atelye travay sou FAFSA, CV ak lèt motivasyon, epi teknik entèvyou.<br><br>Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Lyndon Brown nan lbrown8699@yahoo.com.<br>**Klas yo Sèvi:** $10^{\text{yèm}}$-$12^{\text{yèm}}$ |
| | **Leaders of the 21st Century**<br>Leaders of the 21st Century devlope lespri sivik jèn lidè nan kominote iben yo epi li prepare yo pou monn travay la pa mwayen lidèchip ak devlopman pwofesyonèl.<br><br>Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Dan de Nose nan lot21century@gmail.com.<br>**Klas yo Sèvi:** $10^{\text{yèm}}$ (ap antre nan $11^{\text{yèm}}$) |
| | **Newark Museum of Art Explorers Program**<br>Explorers Program se yon pwogram preparasyon pou inivèsite, karyè ak lavi, ki pèmèt elèv lekòl segondè nan zòn Newark yo devlope konpetans ki esansyèl ak konfyans nan tèt yo grasa yon pwogram etid ki chita sou koleksyon, resous, ak manm pèsonèl inik Mize yo. Explorers fè wotasyon pa mwayen yon seri estaj nan diferan zòn nan Mize a epi li mennen yon seri pwojè ki fèt pou elèv yo vin gen eksperyans nan lavi reyèl la nan yon pakèt travay ak domèn etid.<br><br>Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Jessica Nunez nan jnunez@newarkmuseumart.org.<br>**Klas yo Sèvi:** $9^{\text{yèm}}$-$11^{\text{yèm}}$ |
| | **Sant pou Pwogram Anvan Inivèsite, NJIT**<br>Center for Pre-College Programs (CPCP) nan NJIT ankouraje jèn yo gen aksè nan inivèsite epi pou yo reyisi nan domèn STEM, lè li ofri elèv yo yon eksperyans anvan inivèsite ak preparasyon pou antre nan inivèsite, san wete yon posibilite pou chèche fè karyè nan STEM epi pou aplike konesans yo vin genyen nan sijè sa yo nan lavi chak jou a. Yo ofri pwogram yo apre lekòl epi nan wikenn pandan ane akademik la epi nan semèn pandan sezon lete.<br><br>Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Dr. Levelie Burr-Alexander nan burr-alexander@njit.edu.<br>**Klas yo Sèvi:** $4^{\text{yèm}}$-$12^{\text{yèm}}$ |

| | |
|---|---|
| | **Pathways to College**<br>Pathways to College prepare elèv yo alafwa pou yo vin bon aplikan pou inivèsite epi pou yo reyisi nan inivèsite. Objektif pwogram nan se agrandi filyè aksè nan inivèsite a nan yon seri kominote yo mal sèvi grasa yon rezo timoun ki pèfòman anpil, prensipalman ki soti nan minorite a.<br><br>Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Marvin Towler nan mtowler@pathwaystocollege.org oswa questions@pathwaystocollege.org.<br>**Klas yo Sèvi:** $9^{\text{yèm}}$-$12^{\text{yèm}}$ |
| | **PHocus Summer Experience, Rutgers School of Public Health**<br>PHocus se yon pwogram edikatif entèdisiplinè Rutgers School of Public Health pwopoze. Elèv yo eksplore popilasyon sante a epi yo aprann baz fondamatal yo sou epidemyoloji, syans ak sante piblik. Elèv yo patisipe nan yon pakèt eksperyans, sitou yon seri similasyon nan epidemi, seyans laboratwa ak konvèsasyon avèk pratisyen sante piblik.<br><br>Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Marian Passannante nan marian.passannante@rutgers.edu.<br>**Klas yo Sèvi:** $9^{\text{yèm}}$-$12^{\text{yèm}}$ |
| | **Rutgers Future Scholars**<br>R.F.S. se yon pwogram anvan inivèsite sou senk (5) lane, ki ofri elèv klas $7^{\text{yèm}}$-$12^{\text{yèm}}$ ane yon anrichisman eskolè ak posibilite pou fè plizyè karyè grasa yon seri atelye travay, vwayaj, prezantasyon, ak panèl konvèsasyon pandan sesyon samdi ak peryòd lete yo.<br><br>Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Kimberly Brown nan kimbrown@futurescholars.rutgers.edu.<br>**Klas yo Sèvi:** $7^{\text{yèm}}$-$12^{\text{yèm}}$ |
| | **SMART, Rutgers New Jersey Medical School**<br>SMART se yon pwogram oryantasyon ki fèt pou elèv ki enterese nan fè yon karyè nan medsin yo. Pwogram nan konsantre sou devlopman jèn yo ansanm ak ekselans akademik, epi li ofri posibilite pou elèv yo vin gen konesans ak eksperyans ki nesesè pou ogmante potansyèl yo pou reyisi.<br><br>Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Mercedes Padilla-Register nan mercedes.p.register@rutgers.edu.<br>**Klas yo Sèvi:** $6^{\text{yèm}}$-$12^{\text{yèm}}$ |

| | |
|---|---|
| TRIO<br>TALENT SEARCH | **Educational Talent Search Program: (NJIT)**<br>Educational Talent Search Program se yon pwogram aksè nan inivèsite, Sant pou Pwogram Anvan Inivèsite a ap jere sou kanpis New Jersey Institute of Technology a. Se yon pwogram entèvansyon byen bonè, ak difizyon enfòmasyon ki finanse nan domèn federal pa mwayen Depatman Edikasyon Ameriken an. Objektif Talent Search Program nan se ogmante kantite jèn defavorize ki fini etid segondè yo epi ki enskri nan yon inivèsite nan 5 lane.<br><br>Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Monique Paden Hutchin nan paden@njit.edu.<br>**Klas yo Sèvi:** $7^{\text{yèm}}$-$9^{\text{yèm}}$<br><br>**Sant pou Pwogram Anvan Inivèsite/TRiO Talent Search (Rutgers Newark)**<br>Pwogram anvan inivèsite yo ak TRiO Talent Search ofri yon seri aktivite ki gen yon Pwogram Leson Patikilye vityèl pou klas 6-12 ane, ki pèmèt yo bay èd pou devwa lakay ak nan yon seri matyè byen presi, pou sèvi elèv Newark yo ak nan pi gwo rejyon Newark la.<br><br>Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Rohesia Hicks nan rhicks@newark.rutgers.edu<br>**Klas yo Sèvi:** $6^{\text{yèm}}$-$12^{\text{yèm}}$ |
| W.E.B. Du Bois Scholars Institute<br>1988 | **W.E.B. Du Bois Scholars Institute: Role Models for Manhood**<br>W.E.B. Du Bois Scholars Institute Role Models for Manhood se yon pwogram lidèchip ak mantora anliy gratis pou elèv gason nan klas $7^{\text{yèm}}$ ak $8^{\text{yèm}}$ yo. Aprann nan men yon seri gason ki te reyisi nan tout domèn nan lavi a nan My Boulé Fraternity, Inc. pandan w ap amelyore chanjman lavi w pou reyisi nan lekòl, inivèsite, ak espas travay grasa patisipasyon w nan pwogram nan.<br><br>Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Crystal Watson nan admissions@duboisscholars.org.<br>**Klas yo Sèvi:** $7^{\text{yèm}}$ ak $8^{\text{yèm}}$ |
| The Wight Foundation, Inc.<br>Making a World of Difference | **The Wight Foundation**<br>Depi plis pase 30 lane, Wight Foundation ap fè "yon diferans mondyal" nan lavi jèn yo toupatou nan rejyon Gran Newark la. Ekip Admisyon nou an ap chèche idantifye elèv nan klas $7^{\text{yèm}}$ ane ki kirye nan domèn entèlektyèl epi ki konpetitif nan domèn akademik. Apre Moun ki gen Bousdetid Wight Foundation yo fin suiv STEP, ki se yon pwogram anrichisman sou 11 mwa, yo vin prepare pou kòmanse klas $9^{\text{yèm}}$ ane a nan yon entèna.<br><br>Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Daniel Rowe nan drowe@wightfoundation.org.<br>**Klas yo Sèvi:** $6^{\text{yèm}}$-$7^{\text{yèm}}$ |

**Lekòl rive nan Karyè ak Ansèyman Apre Lekòl Segondè**

Akademi lekòl segondè Distri a se yon seri eleman enpòtan nan Rekonsepsyon Plan Lekòl Segondè Direktè Jeneral la pou *Pwochen Deseni an: Plan Estratejik 2020-30.* Akademi lekòl segondè yo adopte yon filozofi ki etabli enfrastrikti pou yon sistèm edikatif ki soutni yon anviwònman aprantisaj aktif ki konekte ak monn travay la. Nan Newark Board of Education, koneksyon ant edikasyon, ansèyman apre segondè, ak karyè kòmanse nan matènèl epi li etann li rive jis nan klas 12yèm ane.

Travay rekonsepsyon nan lekòl segondè polivalan an se yon estrateji ki gen twa (3) nivo. Chak Akademi nan lekòl segondè polivalan gen twa (3) patnè nan devlopman yon pwogram etid ak konsepsyon etablisman an: yon lekòl segondè oryantasyon, yon etablisman ansèyman siperyè, ak yon òganizasyon pwofesyonèl. Byenke travay rekonsepsyon sa a konsantre prensipalman sou lekòl segondè polivalan, relasyon resipwosite avèk lekòl segondè oryantasyon yo ap asire tout elèv yo jwenn diplòm yo avèk konpetans komèsyal, sètifikasyon, enskripsyon doub nan kou inivèsitè, ak eksperyans estaj, kèlkeswa lekòl segondè kote yo ye a. Eksperyans ak sètifikasyon sa yo ap ede yo ogmante konesans yo epi pèmèt yo vin pi konpetitif sou mache travay la jodi a. Epitou, kolaborasyon ant lekòl segondè yo ak lekòl oryantasyon yo ap pèmèt yo elaji posibilite devlopman pwofesyonèl nan tout Vil Newark.

Nan lekòl elemantè ak lekòl entèmedyè yo, elèv yo gen posibilite fè plizyè karyè pa mwayen yon pwogram etid ki gen ladan yon seri leson ak pwogram ki entegre plizyè kalite karyè, vizit nan espas travay ak òganizasyon kominotè, estaj obsèvasyon, ak vizit yon seri oratè nan sal klas pou dekri karyè yo. Objektif pou seleksyone yon posib Akademi karyè vin pi presi nan uityèm ane, lè elèv yo chwazi enskri nan yon lekòl segondè byen presi selon sant enterè yo ansanm ak Akademi yo ofri yo.

Chak lekòl segondè chèche jwenn elèv nan tout distri a pa mwayen pwosesis aplikasyon distri a. Nan kad pwosesis sa a, nou sijere pou gen relasyon ki etabli avèk lekòl elemantè yo. Byenke chak lekòl segondè oryantasyon gen kritè admisyon ki diferan, lekòl yo dwe seleksyone elèv ki soti nan tout nivo kapasite, epi san wete elèv ki gen bezwen espesyal ak elèv ki limite nan Anglè yo. Elèv ki pa chwazi yon lekòl segondè oryantasyon yo, ale nan lekòl segondè ki nan katye yo, epi yo kapab chwazi yon Akademi ki enterese yo nan lekòl la.

Oryantasyon pwofesyonèl nan klas nevyèm nan jeneral ak eksploratwa, epi li bay enfòmasyon sou diferan aspè nan endistri a, diferan kalite karyè nan chak Akademi, ak konpetans lavi ki nesesè pou reyisi nan monn travay la oswa nan yon etablisman ansèyman apre etid segondè. Nan pifò lekòl segondè yo, elèv yo eksplore posibilite Akademi klas dizyèm ane a ofri yo, epi yo chwazi yon Akademi ki enterese yo.

Chak Akademi gen yon pwogram akademik estriktire ki lye ak yon oryantasyon pwofesyonèl. Gen yon oryantasyon lekòl pou vin nan kowòdinatè karyè nan chak lekòl segondè. Chak lekòl segondè gen plizyè Akademi ki gen pakou pwofesyonèl. Byenke elèv yo jwenn ankourajman pou rete nan yon Akademi byen presi, gen nan yo ki kapab deside ale nan yon lòt Akademi, selon disponiblite yo. Epitou, elèv yo kapab chwazi pa patisipe nan yon Akademi ki konsantre sou karyè.

Pwogram Akademi nan chak lekòl segondè yo ofri yon seleksyon kou, san wete kou espesyalizasyon ak Plasman Avanse. Tout elèv yo, kèlkeswa pakou pwofesyonèl yo, kapab enskri nan kou sa yo, epi yo gen posibilite pou suiv yon pwogram akademik ki solid.

Tout Akademi yo aksepte elèv ki soti nan diferan nivo akademik. Enterè se premye kritè pou aksepte yo, sa ki pèmèt tout elèv yo gen aksè ekitab nan menm opòtinite. Elèv ki gen bezwen espesyal epi ki limite nan Anglè yo kapab bezwen yo fè kèk modifikasyon nan pwogram nan ak yon sipò anplis.

**Akademi Karyè nan Segondè**

| Lekòl | Aksan sou Lekòl | Akademi |
|---|---|---|
| Istwa Amerikèn | Istwa Amerikèn, Gouvènman, ak Administrasyon Piblik | |
| Travay Atistik | Travay Atistik Vizyèl ak Espektak Atistik | Konsepsyon Grafik ak Teledifizyon, Sinematografi |
| Bard Early College | Ansèyman Travay Atistik Liberal | |
| Barringer | | Chapantri, Sibè Sekirite, Dwa, Teknoloji Mizikal, ak Sekirite Piblik |
| Central | | Etid Dantè ak Etid Anviwònmantal |
| Syans Done ak Enfòmasyon Teknoloji | Syans Rechèch ak Enfòmasyon Teknoloji | |
| Eagle Academy | Yon lekòl ki fèt espesyalman pou gason, ki angaje li nan pousuiv ekselans akademik, yon karaktè djanm ak yon lidèchip responsab. | |
| East Side | | Fim Sinematografik, Konsepsyon Grafik, ak Ansèyman Pwofesè |
| Mòd ak Dizayn | Mòd ak Dizayn | |
| Etid Global | Diplomasi, Komès Entènasyonal, ak Syans Imèn | |

| Lekòl | Aksan sou Lekòl | Akademi |
|---|---|---|
| Malcolm X Shabazz | | Kosmetoloji ak Jeni |
| Fòmasyon Pwofesyonèl Newark | | Travay Atistik Kilinè, Konsepsyon Grafik, Otelri ak Touris |
| Pak Lasyans | Domèn STEM | |
| Teknoloji | Teknoloji ak Syans Aplike | Syans Biyomedikal, Rezo ak Sekirite IT, Jeni, Fim Sinematografik, Konsepsyon Grafik |
| Inivèsite | Syans Imèn | Dwa ak Ansèyman Pwofesè |
| Weequahic | | Sèvis Paramedikal |
| West Side | | Fabrikasyon Avanse, Kosmetoloji, Etid Antreprenarya ak Jesyon Chèn Apwovizyònman |

# Enfòmasyon sou Lekòl ak Distri a



# Repètwa Lekòl Segondè

| Ekip Direktè Lekòl Segondè - Dr. Maria Ortiz, Direktè Adjwen | | |
|---|---|---|
| Lekòl Segondè | Nimewo Telefòn | Adrès |
| Istwa Amerikèn | 973-733-6903 | 74 Montgomery Street, 07103 |
| Travay Atistik | 973-733-7391 | 550 Dr. Martin L. King Jr. Blvd., 07102 |
| Bard Early College | 973-733-8363 | 321 Bergen Street, 07103 |
| Barringer | 973-268-5125 | 90 Parker Street, 07104 |
| Central | 973-733-6897 | 246 18th Avenue, 07108 |
| Syans Done ak Enfòmasyon Teknoloji | 973-350-5088 | 746 Sanford Avenue, 07106 |
| Eagle Academy | 973-705-3847 | 279 Chancellor Avenue, 07112 |
| East Side | 973-465-4900 | 238 Van Buren Street, 07105 |
| Mòd ak Dizayn | 973-268-5111 | 239 Woodside Avenue, 07104 |
| Etid Global | 973-268-5160 | 24 Crane Street, 07104 |
| Malcolm X Shabazz | 973-733-6761 | 80 Johnson Avenue, 07108 |
| Newark Evening | 973-733-6977 | 403 South Orange Avenue, 07103 |
| Fòmasyon Pwofesyonèl Newark | 973-733-8792 | 301 West Kinney Street, 07103 |
| Pak Lasyans | 973-733-8689 | 260 Norfolk Street, 07103 |
| Teknoloji | 973-481-5962 | 223 Broadway, 07104 |
| Inivèsite | 973-351-2010 | 55 Clinton Place, 07108 |
| Weequahic | 973-705-3903 | 279 Chancellor Avenue, 07112 |
| West Side | 973-733-6977 | 403 South Orange Avenue, 07103 |
| Lekòl Espesyalize - Carolyn Granato, Direktris Adjwen Sèvis Sipò pou Elèv yo | | |
| John F. Kennedy | 973-733-6788 | 311 South 10th Street, 07103 |
| New Jersey Regional Day | 973-705-3820 | 334 Lyons Avenue, 07112 |

**Pwogram Tranzisyon Ete pou Lekòl Segondè**

Pwogram Tranzisyon Ete a ap fèt nan tout lekòl segondè Konsèy Edikasyon Newark yo. Objektif Pwogram Tranzisyon Ete a se ofri elèv klas 8$^{yèm}$ ane aktyèl yo yon eksperyans edikatif imèsif ki ap ekspoze yo nan kominote ak kilti lekòl la, ki ap ba yo yon posibilite pou rankontre pwofesè yo ansanm ak manm pèsonèl yo, epi ki ap ba yo yon apèsi konsènan atant ak egzijans ki gen nan lekòl segondè yo. Pwogram Tranzisyon Sezon Lete yo adapte sèlman pou kominote aprantisaj ki nan chak lekòl yo, epi yo ap akeyi elèv yo anndan kilti eskolè sa a. Elèv yo ap patisipe nan yon pakèt aktivite ak ekseperyans, san wete ranfòsman espri ekip ak kilti, anrichisman eskolè, aktivite ki lye avèk lespri eskolè, epi posibilite pou travay atistik ak atletik. Rechèch yo montre elèv ki patisipe nan yon eksperyans tranzisyon anvan yo antre nan lekòl segondè pi byen reyisi tranzisyon an nonsèlman nan domèn akademik, men tou, nan domèn sosyo-emosyonèl, pase elèv ki pa patisipe yo. Kidonk, tout elèv klas 9$^{yèm}$ ane yo dwe patisipe nan Pwogram Tranzisyon Sezon Lete a nan lekòl segondè kote yo ye a.

Yo ap sèvi manje maten ak manje midi.

| Lokal | Dat | Lè |
|---|---|---|
| **Istwa Amerikèn** | Klas 9$^{yèm}$ Ane: 14/8/2023-18/8/2023 | 8:00AM-1:30PM |
| **Travay Atistik** | Klas 9$^{yèm}$ Ane: 14/8/2023-18/8/2023 | 8:00AM-1:30PM |
| **Bard Early College** | Klas 9$^{yèm}$ Ane: 7/8/2023-18/8/2023 | 8:00AM-1:30PM |
| **Barringer** | Klas 9$^{yèm}$ Ane: 14/8/2023-18/8/2023 | 8:00AM-1:30PM |
| **Central** | Klas 9$^{yèm}$ Ane: 14/8/2023-18/8/2023 | 8:00AM-1:30PM |
| **Syans Done ak Enfòmasyon Teknoloji** | Klas 9$^{yèm}$ Ane: 14/8/2023-18/8/2023 | 8:00AM-1:30PM |
| **Eagle Academy** | Klas 9$^{yèm}$ Ane: 14/8/2023-18/8/2023 | 8:00AM-1:30PM |
| **East Side** | Klas 9$^{yèm}$ Ane: 14/8/2023-18/8/2023 | 8:00AM-1:30PM |
| **Mòd ak Dizayn** | Klas 9$^{yèm}$ Ane: 14/8/2023-18/8/2023 | 8:00AM-1:30PM |
| **Etid Global** | Klas 9$^{yèm}$ Ane: 14/8/2023-18/8/2023 | 8:00AM-1:30PM |
| **Malcolm X Shabazz** | Klas 9$^{yèm}$ Ane: 14/8/2023-18/8/2023 | 8:00AM-1:30PM |
| **Fòmasyon Pwofesyonèl Newark** | Klas 9$^{yèm}$ Ane: 14/8/2023-18/8/2023 | 8:00AM-1:30PM |
| **Pak Lasyans** | Klas 9$^{yèm}$ Ane: 14/8/2023-18/8/2023 | 8:00AM-1:30PM |
| **Teknoloji** | Klas 9$^{yèm}$ Ane: 14/8/2023-18/8/2023 | 8:00AM-1:30PM |
| **Inivèsite** | Klas 9$^{yèm}$ Ane: 14/8/2023-18/8/2023 | 8:00AM-1:30PM |
| **Weequahic** | Klas 9$^{yèm}$ Ane: 14/8/2023-18/8/2023 | 8:00AM-1:30PM |
| **West Side** | Klas 9$^{yèm}$ Ane: 14/8/2023-18/8/2023 | 8:00AM-1:30PM |

# Kalandriye Eskolè 2023-2024

| | | | Kantite Jou Elèv/Pwofesè | |
|---|---|---|---|---|
| | | **2023** | | |
| Out | 29 | Jounen Òganizasyon | 0 | 3 |
| | 30 | Jounen Devlopman Manm Pèsonèl #1 | | |
| | 31 | Jounen Devlopman Manm Pèsonèl #2 | | |
| Septanm | 4 | Jou Ferye: Fèt Travay | 19 | 19 |
| | 5 | Premye Jou Lekòl pou Elèv yo | | |
| Oktòb | 9 | Jou Ferye: Jounen Pèp Endijèn yo | 20 | 21 |
| | 18 | Jounen Devlopman Manm Pèsonèl #3 | | |
| Novanm | 9 | Konvansyon NJEA | 17 | 17 |
| | 10 | Jou Ferye: Jounen Veteran yo (Obsèvasyon) | | |
| | 17 | Jou Ferye: Jounen Eritaj Pòtoriko | | |
| | 22 | Depa Antisipe - (1:00 pm pou Elèv ak Manm Pèsonèl yo) | | |
| | 23-24 | Jou Ferye: Jou Aksyon Degras (Thanksgiving) | | |
| Desanm | 7 | Konferans Paran/Pwofesè (1:00 pm depa pou Elèv yo) | 15 | 15 |
| | 21 | Depa Antisipe - (1:00 pm pou Elèv ak Manm Pèsonèl yo) | | |
| | 22 | Jou Ferye: Lavèy Nowèl (Obsèvasyon) | | |
| | 25 | Jou Ferye: Jou Fèt Nwèl | | |
| | 26-28 | Vakans Ivè | | |
| | 29 | Jou Ferye: Lavèy Nouvèlan (Obsèvasyon) | | |
| | | **2024** | | |
| Janvye | 1 | Jou Ferye: Jou Nouvèlan | 21 | 21 |
| | 15 | Jou Ferye: Anivèsè Dr. Martin Luther King, Jr. | | |
| Fevriye | 1 | Jounen Devlopman Manm Pèsonèl #4 | 19 | 20 |
| | 15 | Konferans Paran/Pwofesè (1:00 pm depa pou Elèv yo) | | |
| | 19 | Jou Ferye: Jounen Prezidan | | |
| Mas | 13 | Jounen Devlopman Manm Pèsonèl #5 | 19 | 20 |
| | 29 | Jou Ferye: Vandredi Sen | | |
| Avril | 1-5 | Vakans Prentan | 16 | 16 |
| | 10 | Jou Ferye: Eid-al-Fitr | | |
| Me | 27 | Jou Ferye: Jou Memoryal | 22 | 22 |
| Jen | 19 | Jou Ferye: Juneteenth | 14 | 14 |
| | 21 | Dènye Jou Lekòl pou Elèv ak Manm Pèsonèl yo Depa Antisipe (1:00 pm pou Elèv yo sèlman) | | |
| | | | 182 | 188 |

**Nòt Espesyal:**
1) Pa gen lekòl pou elèv yo nan Jounen Devlopman Manm Pèsonèl yo ak nan Konvansyon NJEA a.
2) Nan ka kote lekòl yo dwe fèmen akoz move tan epi li nesesè pou elèv yo ratrape jou yo, yo ap ratrape jou yo pandan Vakans Prentan yo oswa yo ap ajoute nan fen ane eskolè a.
3) Dat 1ye septanm nan pa yon jou travay pou Manm NTU 10 mwa yo.
4) Eleksyon pou komisyon eskolè ak bidjè yo ap fèt nan dat 16 avril 2024.

**Apwouve: 23 fevriye 2023**

Roger León
Direktè Jeneral

**Newark Board of Education**

**Asia J. Norton**
Prezidan Komisyon an

**Dawn Haynes**
Ko-Vis Prezidan

**Vereliz Santana**
Ko-Vis Prezidan

**Hasani K. Council**
Manm Komisyon an

**Josephine C. Garcia**
Manm Komisyon an

**Daniel Gonzalez**
Manm Komisyon an

**Allison K. James-Frison**
Manm Komisyon an

**A'Dorian Murray-Thomas**
Manm Komisyon an

**Crystal Williams**
Manm Komisyon an